# МагIарулай

2/2021

ISSN 0132-9723

Аварский



ДАССР ГIУЦIУН 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

**ТIУБАРАБ ГIУМРУГИ ЦО ЛАХIЗАТГИ**

ЯСАЗУЛ ГОДЕКIАН

**ТАЛИХI КЬУН РОХАЯЛ, КЬОГЕ ТАРБИЯ**

ЛИТЕРАТУРИЯБ ГЬУМЕР

**КЪИСМАТ**

МАДАНИЯТ

**АРТИСТАЛЪУЛ ХИСИЗАБИЧIЕБ СУРАТ**

# Международный день родного языка



















# РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ



# Нилъерго малъаз гIадин нилъер мугъ хъасулареб

*Бугелъул къимат гьабуларел хадур гIодизе кколелила*

*Халкъияб кици*

РакIалда ругищ, Совет хIукуматалъул заманалда, спекулянтазухъа балъго-гIатIго босун гурони щолареб букIараб «импорт» тIаде чваххизе лъугьараб, доб гIасруялъул ахириселги, аб гIасруялъул байбихьулги сонал? Нилъехъе рокъо-рокъоре рачIун цо гIадамаз цIехолел рукIана цересел тIансасалмаг, суркIа-щурун, гIарцул тIагIелал, тIахьал... Гьезухъ хисун кьолеб букIана «импортный» къайи. Нилъеца рохуца холаго къватIибе лъугьинабуна умумулъанго къавулъ батараб, нилъее ирсалъе щвараб некIсияб тIагIел-гIучI, давагьаби, туртал, гIажамгун гIарабалъ хъварал тIахьал...

*– Вууу гьай, ГьатIуч, гьадаб, хIурулги цIун НухIил заманаялдаса нахъего дир рокъоб бегун букIараб, басрияб магъкьихъ, гьадал чагIаз дие лъабго, месед гIадаб, халича кьуна... ГIанталарун ругодай, яц, дооол? – илан...*

ГIантал дол гуро рукIарал... ГIантал нилъ рукIана, рокъоса къиматаб щинаб жо къватIибе лъугьинарурал. Доз нилъер гIантлъиялдаса пайдаги босун, доб бечелъиялъул къимат лъалезе, меседалде данде цIан бичана нилъер умумузул баракат, нилъер маданият, нилъер тарих.

Гьанже ругоха нилъ, лъабго лъагIел сверилалде цо къишкагидарал, чурулъе ккараб гIонкIкIода рельлъарал жал дол синтетикаялъул халичабазулги, синтифоналъул бусен-къаялъулги лъугьун, нусго соналъги щибго лъугьинчIеб, умумуз рухIги, хIалги, кIудияб хIалтIиги жаниб лъун гьабураб материалиябгун рухIияб бечелъиги чIванчIобого къватIибе лъугьинабун, цо бищунго хIанчIизе санагIалъи гьечIеб бакI хIанчIулел.

Гьебго хIалалда буго нилъер мацIалъул ишги. Нилъеца гIурус бицина, ингилис лъазабила, параг мацI лъазабила, китаязулгун кореязулцин лъазабила, авар мацI лъазабизегIан. ЦIакъго бокьун батани, американал риччан те магIарул мацI лъазабизе анире рачIине. Нилъее къваригIун гьечIо. МацI лъани, нилъерго адабият лъаялдаги хIинкъи буго, адабият лъани тарихги батула гьениб жуба-гъубан, тарихги жоги лъани, маданиятги чIоларо цебе кIанцIечIого. Нилъее гьеб щай? Нилъеца нилъерго мацI рокъоса къватIибе лъугьинабила, гIасиго цIакъал церетIурал чагIи ругин нилъилан ккезе цойгидазда. Рахьдал мацIазда газет-журналалги лъугIила, тIахьалги рахъиларо, театралги къала... Жакъа щвараб жакъа кун, метер щвараб метер кун, рахIаталда нильги рукIина.

Амма, киналго гуреллъидал гьедигIан цIодоралги церетIуралги рукIунел... нужерго лъималазда малъун те рахьдал мацI (лъараб жоялъул заралги гьечIелъул, пайда гурони). Щиб лъалеб, жакъа, дол умумузул тIагIалабазулги тIахьазулги гIадин, рахьдал мацIалъул къимат нилъеда бичIчIараб заман бачIингун, гъванца хъасизе ва наслабазда цебе жаваб кьезе ккечIого букIине. Лъица малъарабин гьикъани, нужедаго лъанинги абе.

**БАХУ МУХIИДИНОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


**ТIУБАРАБ ГIУМРУГИ ЦО ЛАХIЗАТГИ ................................4**




Зариф-ункъачугун хабар-кIалалда, гьелъул азбаралда гIодор чIун рукIана ниж.
– Зариф-ункъачу, кидал дуе «Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчIужу» абураб тIадегIанаб цIар щвараб? Гьединаб цIар бигьаго щоларо, хасго кулаказул лъималазе.


**ТАЛИХI КЬУН РОХАЯЛ, КЬОГЕ ТАРБИЯ... ....................14**




Нилъехъго ралагьулел гьечIо! Нилъго рихьулел гьечIо! ГIайибалъул бутIрул нилъголъидал! Нилъее, лъица тарбия кьунги, гьаб гIун бачIунеб гIел, дол нилъер умумузда рельине бокьун буго. Гьел тарбия щварал лъугьине бокьун буго. Амма, лъималазда цере, мисал босизе, нилъ гурони гьечIо. Нилъедаса мисалги босулеб буго.


**КЪИСМАТ .................................26**




– Вай, ПатIимат, дур вугев лъикIавги берцинавги бахIарав, дуда гьесул эмен вихьанищ? Дов тIуванго хьахIавин вугев, расги, кьунсрулги ва beralги руго шайтIаналъул гIадинал, гвангъарал, багIаркьерал. Гьесда рельлъарал лъимал гьаруни, щибдай дуца гьабила?! – ян.
ПатIиматил гьурмада пашманлъи загьирлъана:
– Кин гьесда рельлъарал лъимал? – абун гьикъана гьелъ йиххa-хочун.


**АРТИСТАЛЪУЛ ХИСИЗАБИЧIЕБ СУРАТ...........34**




Бокьилаан хIазе Джульеттал, Офелиял ролал. Пайда щиб, гьел хIалеб ригьалдаса ун йиго дун гьанже, Сара Бернарица Джульеттал роль 50 сон бараб мехалда хIан букIаниги. Абула актерал херлъуларилан, амма щайха дие ригьалда йигей гIаданалъе гIолохъанал мусудузул ролал хIазе, гьелъие мустахIикъал гIолохъанал ясалги театралда рукIаго? КIиго соналъ цебе дица хIана АхIмад-хан СултIанил 25 сон барай лъади Фаинал роль. Хадуб, дида рекъолеб гьечIеблъиги бихьун, гьебги тана.



# РЕКІЕЛ ЦІАЙ

Гьитlинаб мехалда «тохтурлъи» хlачlей ясго йикlунадай? Гьез сах гьарула ясикlаби, расанкlабижанаварал, рокъоб кето батани, гьебгицин, толаро цо хlалалда, жалго унго-унгоял тохтуралинги ккун... Мисалалъе, дир гьалмагъалъул анищлъун букlана магlарухъ росулъ гlумру гьабизе. «Баба, дуца сагаялда пианино лъе ва ахlулаго кечlгун, дица унтарал гlанкlабазе, буртlазе, кьагlазе дару гьабила. Бацlалги лъикlал лъугьина ва Бармалейица гьитlинал лъимал кванайги тела...», – ян абулаан гьелъ. Дагьал гьечlо кlудиял гlедал тохтурасул махщелги тlаса бищун, лъикlал специалисталлъунги рахьун, анищал тlураралги. Щивав чиясул гlумруялъе кlудияб кlвар буго тlаса бищараб ишалъул. Дунялалда пишаби гlемерал руго ва гьезул щибалъул буго хlажалъиги кlварги. Амма тохтурасул иш ккола бищунго хlажатаб. Хъахlаб халгlат ретlарав чи вихьидалго бижула гьесдехун адаб-хlурмат. Гьесул щибаб къойилаб ишлъун ккола гlадамазе бигьалъи ва гlумру хвасар гьаби.

***Дунялалда тlадеялдаса тlаде гlемерлъулел руго церехун рукlинчlел цlи– цlиял унтаби. Ва гьединаб мехалда кумекалъе ратула «сахлъи цlуниялъул хъаравулзаби» – бахlарчиял, таваккалал, жидерго гlумруялда барахщичlого унтарал хвасар гьаризе хlадурал гlадамал. Цохlо гьединаб цебечlеялъго бижизабула разилъи ва хlайранлъи.***

Гьеле гьединай цо тохтуралъул хlакъалъулъ бицине бокьун буго диеги жакъа. Тутубава гьаюна юристасулги психологалъулги хъизаналда. Гьелъул эмен, Къурбан Мусаевич ккола Москва областалъул адвокатазул коллегиялъул «Хlурматияв адвокат». Лъималги гьес гlезаруна жиндирго мисалалда, гlадлуги, гlаданлъиги, ишалде рокьиги бугел.

Эбел Гулизар Хlажиевна – психолог, психологиялъулал гlелмабазул кандидат, ГБОУ ВПО МГПУялъул психологиялъул, социологиялъул ва социалиял гьоркьоръабазул Институталъул гlаммаб ва хlал бихьиялъулаб психологиялъул ва гьединго Н. И. Пираговасул цlаралда бугеб, Россиялъул медицинялъул цlех–рехалъулаб университеталъул гlаммаб психологиялъул ва педагогикияб кафедрабазул доцент. Гьелдаго цадахъ нухмалъи гьабулеб буго Москваялда бугеб «Дагъистан» абураб, культурияб централъул медиказул Ассоциациялъеги, йиго гьебго централъул Президиумалъул членлъунги.

Гьай-гьай, гьединай лъикlай специалистлъун яс яхъиналъе, хlужжалъун букlана эбел-инсул мисал. Психолог вукlине ккола, лъикlав специалистлъун ва унго-унгояв махщалилавлъун. Гьесдаги лъазе ккола гlадамазухъ гlенеккизеги, гьезул рекlелъе нух батизеги, ракl гlодоб биччазабизеги, божизаризеги. Гьеб киналъего Тутубава рокъойго ругьунлъана.

М. В. Гольцил цlаралда бугеб, МГБ-ялъул гlадалнахалда жаниб бидул хlалтlул гlадлу бихханазулаб неврологиялъул отделениялъул заведующая Тутубава Къурбановна Башанаевалъулгун лъай-хъвай гьабидал диль бижана: гьадинав вукlине ккoлин тохтурин абураб пикру!

Сабурай ва гьебго заманаялда кьварарай, гьабулеб ишалъулъ гlадлу бугей, ракl унтун унтаразул тlалаб гьабулей гlадан йигоан гьей.

Махщел тlаса бищиялъе чанго гlилла букlунеб батила. Амма тохтурлъун рахьиналъе къваригlуна рекlее бокьи, гьелде кlудияб гьира. Нижее жинцаго гьеб махщел кин тlаса бищарабали бицана Тутубава Къурбановнаялъги:

– Нижер тухумалда тохтурал гlемерал руго. Гьелъие гlиллалъун батула гьитlинаб къоялдасаго щвараб тарбия. Дицаги лъабго сон бараб мехалдаго лъазабун букlун буго эбелалда, ункъгlал Гульжагьан гlадин, дунги тохтурлъун яхъине йигин. Гьей ккола дир эбелалъул яц, киназего кидаго кумекалъе ятулей тохтур. Дагьайго кlудияй гlедал дида лъана гьей хирургиялда хlалтlулей йикlин ва гьеб мехалдаги лъазабуна хирурглъунги яхъинин. Хадубги, киналго рухlчlагоъаби рокьулел лъималазул букlунебго гlадин, дирги анищлъун ккана тохтурлъунги яхъун гьел сах гьаризе. Эбелалъ абулаан: «Гlадамал сах гьаруни лъикlаб букlинародай?» – ян. Амма дун къвакlун чlун йикlана цо лъугьа-бахьин ккезегlан. Физкультураялъул дарсида къуркьана дир бох ва ячана травматологасухъе. Гьесги ниж ритlана рентген гьабизе лъабабилеб этажалде. Гьенир ниж рукlаго свана ток, хlалтlичlо лифт, нижин абуни нахъеги ине ккoлаан травматологасухъе. Аскlосан унев вукlана гlолохъанав тохтур. Гьес кумек щиб гьабилебин гьикъана ва гьеб параялъго кодойги ккун щвезаюна добго кабинеталде. Дида гьеб лъикlлъи жегиги кlочон толаро. Гьебго къоялъ канлъи гьечlеб кабинеталда жаниб дица эбелалда абуна: «Дун йикlине йиго гlадамал сах гьарулей тохтур» ан.

– Байбихьул школа дица МахIачхъалаялда лъугIизабуна. 2002 соналъ ниж Москваялде гочана. Школа лъугIун хадуй цIализе лъугьана, Н. И. Пироговасул цIаралда бугеб, Россиялъул миллияб цIех-рехалъул медуниверситеталъул лечебный факультеталде. Дун цIализе лъугьунеб соналъ гьениб букIана конкурс, цо чиясул бакIалда ичIго чи вугеб. ЦIализе лъугьун хадубги дида бичIчIана, гьениб дие бигьаго букIинареблъи ва хIаракат бахъизе кколеблъи. ТIоцебесеб курсалдасаго дун йищана группаялъул старосталъун, лъабабилеб курсалдаса нахъе тIолабго лечебный факультеталъул потокалъул старосталъун. ЦIалиги хIалтIиги тIаде спортги цадахъ гьабулаан. ЙикIана факультеталъул САМБОялъул командаялъул капитанлъунги. Лъабго нухалда щвана Москваялъул студентазда гьоркьосел спорталъул къецазда призалъул бакI ва дун мустахIикълъана ректорасул баркалаялъул кагътие, – ян бицана Тутубава Башанаеваль.

Университеталда цIалулеб мехалдаги дир къасд букIана хирурглъун яхъине. Лъабабилеб курсалда машгъуллъана неврологиялде, хадуб, щуабилеб курсалда цIалулаго тIаса бищана психология ва гьеб гIелмуги ккун чIчIана.

– РакIалда буго, вацасги дицаги эбелалда гIемераб цIехолаан, щай гьелъие ниж психологаллъун рахъине къабуллъичIеб абун. Эбелалъги абулаан гIемерисел машгъурал тохтурал психологал рукIанин ва дуе неврологиялда тIад хIалтIани лъикIаб букIинин. Баркала буго гьелъие...

Вузги неврологиялъул ординатураги Тутубаваца лъугIизабуна щуйилазда. Ординатура букIана № 3I ГКБ-ялъул, гIадалнахалъул бидул хIалтIул низам бихharал унтаразул неврологиялъул, нейрореанимациялъул отделениялда. ГIемерал дежурствабазде ва жиндирго хIалтIуде тIадеги гIолохъанай специалисталъ гьабулаан жеги сестра-массажисталъул хIалтIиги. Тутубава Къурбановнаялъ жинцаго хIадурараб, бетIералъеги гьумералъеги массаж гьабулеб къагIидаги буго. Гьелъул рихьизарияздаса пайда босула МГУ-ялда цебесеб, инсанасул вукIа-вахъиналъул психологиялъул НИИ-ялдаги ва гьелъ гьенир 20I5 соналдаса дарсалги кьола.

Ординатура лъугIун хадуб Тутубава лъугьана И. В. Давыдовскиясул цIаралда бугеб ГКБялде, кIиго соналъ хIалтIана интенсивияб терапиялъул палатаялъул тохтурлъун. 20I9 соналъул маялда гьей тана М. В. Гольцил цIаралда бугеб ЦГБ-ялъул (наукоград Фрязино) гIадалнахалъул бидул хIалтIул низам бихharал пациентазул неврологиялъулаб отделениялъул заведующаялъун.

Завотделениялъул хIалтIуде тIадеги гьелъ гьабулаан цебехунго букIараб, интенсивияб терапиялъул палатаялъул тохтур-неврологалъулги, гьединго COVID-I9 лъулаб пандемиялъул заманаялда бачана обсервационнияб № 3-абилеб отделениеги. Гьай-гьай, гьеб кинабго цадахъ тIубазаби бигьаго букIинчIо, амма хъизан букIунаан киналъего кумекалъе.

– ТIадегIанасе баркала гьадинаб къисматалъухъ, – ан абуна Тутубава Башанаеваль, – дицаги хIаракат бахъула гьеб сайигъаталъе мустахIикъай йикIине. – Дун жеги рос-рукъалде юссун гьечIо, – абун гьимана Тутубава, амма ракIалда руго эбелалъ абурал рагIаби: хъизаналъулъ гIадинаб талихI гIумруялда сундулъго гьечIо. – Нижер хъизаналдаги гьеб гьедин буго. Дун божула кватIичIого дида рекъарав гIолилав ватилин ва нижеца хъизанги гIуцIилин.

Гьединго гьей мукIурлъана жиндие «МагIарулай» журналги бокьулилан. Гьелда гIемераб батулила хъизаналъул, гIумруялъул лъикIал рахьал рихьизарулел ва республикаялъул жакъасеб хIалалъул бицарал макъалаби.

***– Дица «МагIарулай» журналалъул редакциялъе баркала кьола гьез дие гьабураб хIурматалъухъ. Кьеги сахлъи, халатаб гIумру нужееги нужее рокьаразеги! – ян лъугIизе тана хабар нилъер бажари бугей ракьцояль.***

**Андриана ГIАБДУЛЛАЕВА**





# ТІУБАРАБ ГІУМРУГИ ЦО ЛАХІЗАТГИ

Зариф ХІажиева – Социалистияб ЗахІматалъул БахІарчІужу. Гьаюна І922 соналъул І0 июналда Уллубий росулъ. І934 соналъ гьелъул эбел-эмен кулакал хІисабалда Казахстаналде ритІана. ГІумруялъул І2 сон баралдаса Джанбул областалъул Меркинск районалъул № 2 совхозалда хІалтІизе ккана Зариф. Бригадирлъун хІалтІулаго загьирлъана гьелъул гІуцІарухъанлъиялъе бугеб тІокІборчІараб махщел. І940-лел соназ Зариф ХІажиевалъул нухмалъиялда гъоркь хІалтІулеб бригадаялъ чІезаруна бачІиналъул рекордал.

І942 сон. Рогьалил ункъо тІубараб гІуж. Жеги гІадамал макьидаса рорчІизе цо-кІиго сагІат буго, Зариф абуни гьанжего-гьанже хІалтІудаса рокъое ячІуней йиго. Чуги, свакан, хІалицаго билълъунеб буго. РогьинегІанги бакъинегІанги чІечІого хІалтІулей яс кинха свакачІого йикІиней? Зарифа сордо-къоялда жиниб цо-кІиго сагІаталъ кьижула. ТІокІайги гьей кьижизе заман букІунаро. Кинха букІинеб заман, рагъде унелъул жиндирго хІалтІи гьелда аманат гьабун букІана Расулица.

Чу хІинцго унеб букІуна, гьелда лъикІ лъалаан рокъобе нух. Зарифин абуни, аралъул пикрабаз кодое йосана...

Гьале жийго гьалда йихьулей йиго гІагараб Уллубий росулъ, эбел-инсуда аскІой бищунго талихІай, цо вугев вацгун ясандилей, елъанхъулей, екерулей... Гьале Зариф школалде уней, гьалъие цІакъ бокьун букІана цІалдезе. Кинабго лъазе хІаракат бахъулей, гІанчІай цІалдохъан йикІана гьей. Ункъо класс лъугІизабуна гьелъ «ункъил» кьиматалда...

Гвангъараб бакъул къо циндаго Зарифил хъизамалъе чІегІерлъана. Эмен ана вачун МахІачхъалаялде. Щиб гьес гьабураб квешлъи? Росуцояз лъикІав хІалтІухъанин гурони, квешаб рагІи нахъасан абичІев чи вукІана гьев. Цо лахІзат годекІанив гІодов чІун чІалгІаде тІамичІого, кидаго хІалтІулев вукІунаан. Гьазул рукъги букІана росулъго бищун бахилаб. Зарифида кколаан гьеб рукъ бугин бищунго борхатабги гвангъарабгийилан. Гьазул азбаралдаса боцІи-панзги гІанкІу-хІелекоги кидаго камичІо ва лъидениги ккараб хІал гьезул хъизамалъул букІинчІо. Щиб гІилла ккун эмен вачарав? Заманалдасан росулъ баккана хабар Мирзаевазул хъизан кулак гьарун ругилан. Гьединго росулъ жеги кІиго-лъабго хъизанги гьаруна кулакаллъун.

КватІичІого рачІун, кІиго ханждал таргьаги, гъоркь тІамизе-тІад базе жоги босун, хехго къватІире лъугьаян лъазабуна.

Эбелалъе цІакъ захІмалъана гьеб лъугьа-бахьин, гьей бусаде ккана ва цадахъ ячине рес ккечІо. Зариф вацгун цин МахІачхъалаялде, гьенисаги, эменгун цадахъ, Казахстаналде ритІана. Эбел бащдаб лъагІел иналде хванилан хабар лъана...

Гьениб лъугІана Зарифил лъимерлъи. І2 сон, 4 класс – гьеле лъимерлъиялъун анищазул борхалъи щвараб дазу. Зариф кІудияй гІезе ккана, хІалтІизеги ккана кІудияй гІадин. Ракьи, къеч, квач, язихълъи – гьеб кинабго бихьана Зарифида.

ХІалтІичІого чІезе кинго рес букІинчІо. ГьитІинал-кІудиял цІехечІого ритІулаан хІалтІизе. Амма цо къоялъ ГьитІинай Зариф мекъдарана ва хІалтІизе яхьинчІо. ХІатІидаги гІицІго гІемераб хІалтІийищ гьабилебги букІараб. ГьебсагІатго вачІун хъаравулас ахІи-хІурги бахьинабун, карьералде йитІана сордо-къоялъ хІалтІизе. Гьеб хІалтІуца хІатІалги гьорон, тІаде яхъун бажаричІеб мехалъ гурони течІо дару-сабаб гьабизе рокъой.

Санал анагІан ругьунлъана Зариф хІалтІуде. Гьей тана чІалкІутІан гІезабулел ясазул звеноводлъун, бачІинги цІикІкІана. Цо къоялъ гьоболлъухъе вачІана инсул гьудул, мадугьалги кколаан гьев. «Хал гьабе, гьай дур яс тІегьан ячІуней йиго. Гьелъ гуродай гьав Расул нужехъе ваккарилев вугев?» - илан абуна гьес. Циндаго Зарифил бер матІуялда речІчІана. Гьалъухъ ялагьун йигоан чІегІерал гьалазъул, чІахІиял беразул, берцинай яс...

«Унго Расулие дун рекІее гІундай йиго?» – ян пикру паркъана Зарифил ботІролъ ва хехго нахьеги хъамуна: «Ятиларо, чанги берцинал ясаз сверун ккун вуго гьев». Расул вукІана гьезул бригадир. Амма зама-заманалдасан, хІалтІиги хІалае ккун, Зарифида берги речІчІизабулаан гьес.

Ясалъул гІумруялда кІиабизеги чІана чІегІераб къо – байбихьана рагъ. Киналго бихьинал рагъде

унаго, гьоркьове ккана Расулги. Жиндирго бригадирасул хIалтIи гьес кьуна Зарифихъе. «Дир дуда щаклъи гьечIо, духъа бажарула хIалтIун, дун божула...Дун тIадвуссина, мун ялагьун чIа...», – йин гьимана Расул Зарифихъги валагьун.

ВахIшияб рагъ... Расулихъан цо гьитIинабгIаги хабаралъухъ ялагьун чIун йикIана Зариф. Гьелда лъалаан, жиндихъе хъвачIониги, эбел-инсудегIаги гьес хъвазе букIин ва цIализе лъан гутIиялъ, гьел жиндаго аскIоре рачIунеллъиги.

Свакалъ гурониги, хIинкъиялъги кIвекIулеб букIана Зарифил ракI. Росулъе рачIине лъугьана чIегIер барал кагътал. ЧIегIер барал руччабиги гIемерлъана. Амма Зарифица хIалтIи нахъе ккезе течIо. КIвараб рухI-жанги бакIарун, ракI бацIцIадго хIалтIизаруна гьелъ ясал ва жийгоги хIалтIана. Гьей йикIана гIаданлъи бугей, ракI гурхIулей, инсанасул ракI батизабун бажарулей яс. Жиндирго рекIеейин абуни рахIат кьолаан Расулихъан, кьанагIатал рукIаниги, рачIунел кагътаз.

РакIалдещвеяз цIакъго рикIкIаде ячиндал, хIалтIудаса ячIуней Зариф чодаса гъоркье йортизе яхъана. ТIуркIун йорчIарай гьелда жийго ятана рукъалъул кIалтIе щун. НуцIа рагьун жание лъугьиндал, столалда тIад батана Расулил лъабокIонаб кагъат. ГьебсагIатго данде жаваб хъвазе гIодой чIана Зариф. Кинаб гIакъуба къварилъи бугониги, кагътида кьогIаб щибниги хъвачIо гьелъ. Якъунги сваканги, гIодой чIаралъуйго кьижун ккун ятана. КигIан гьуинаб макьуха гьелда бихьараб. Дагъистан, гIагараб росу, росуцоял, рохел, рекъел... Зарифие бокьун букIана даимго макьилъ йикIине, амма радал инсуца йорчIизаюна гьей. КигIан бокьичIониги тIадюссине ккана хIакъикъаталде. ЦIорораб лъеца гьумерги чурун, бухIараб лъимги гьекъон, хIатIуде къватIие яхъана гьей. Руччаби рахъинаризе кколаан гьелъ хурире чIарадизе. Гьелда кколаан хIалтIуеги лъугIел гьечIин, киданиги тIокIалъ рагIиларин руччабазул релъиги, ахир гьечIин гьал къваридал сардал-къоязегийилан.

ЛъугIана рагъ. Щивасул рекIелъ гьелъ тана чIегIераб лъалкI. Дагьдагькккун рагъдаса руссине байбихьана бихьинал, бигьалъана гIумру. Рагъ лъугIун хадуб, армияги тIубан Расулги вуссана рокъове. КватIичIого гьабуна Расулилги Зарифилги бертин. Бригадирасул хъулухъги тIадбуссинабуна гьелъ бетIергьанчиясухъе.

Хъизан-рукъ данде бачана, лъимал гьаруна, хIалтIи роцIцIинабуна, амма кIиязулго ракIал Дагъистаналде цIалел рукIана. Изну щварабго, гьел ВатIаналде тIадруссана...

Зариф-ункъачугун хабар-кIалалда, гьелъул азбаралда гIодор чIун рукIана ниж.

**– Зариф-ункъачу, кидал дуе «Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчIужу» абураб тIадегIанаб цIар щвараб? Гьединаб цIар бигьаго щоларо, хасго кулаказул лъималазе.**

– 1947 соналъ дир бригадирлъиялда гъоркь бекьараб чIалкIутIан гьарзаго бачIана, цо гектаралдаса 817 центнер бахъана. Гьедин кьуна дие гьеб цIар.

**– Дур Совет хIукуматалда ццим букIунарищ, нужер хъизан цIакъ къварид гьабунагури гьелъ?**

– Ццим бахъине, ва ракIбакъвазе дир заманго букIинчIо, ниж хIалтIулел рукIана. Законалда рекъон хIалтIулел рукIиналдаги ракIчIунлъидал букIараб.

Унго гьей чIужугIаданалъулъ бугеб щинаб рекIел хинлъи, сабру, дида киданиги рагIичIо гьелъ хьамун абулеб рагIи яги бихьараб захIматалдаса къварилъун тIинкIулеб магIу.

**– Нуж тIадруссана Дагъистаналде... Мун – къимат тIокIай хIалтIухъан, рос – рагъулгIахьалчи, щибха нужее кьураб? Рукъищ тIадбуссинабураб?**

– Лъицаниги щибниги кьечIо нижее, нижеца мухьги кьун ккун букIана рукъ. Рукъги нижецаго бана нижеего. ГIезаруна щуго лъималги: лъабго яс ва кIиго вас. Аллагьас нижее кьуна лъикIал, иман бугел лъималги, дун яхъана дахIабабалъунги. Щивасул хъизан бугониги, ниж лъималаз рехун толаро. ТIокIаб нижее хIажатаб щиб бугеб? Сахлъи, рохел, аваданлъи, гIадамазул цоцаздехун лъикIаб бербалагьи. НилъергогIумру бокьизе ккола, босизе гуребги, кьезе лъазе ккола...

***ГIодоре къулун хIурмат гьабизе ккола гьединал руччабазулги гьеб гIелалъулги. Зариф нилъедаса ятIалъана. Амма гьей киданиги гьелъул наслабазул ракIалдаса ине гьечIо.***

**Эмма ТЫЩЕНКО**





Дагъистаналда берцинаб ва гучаб Алкъадариязул тухумалъул гъветI – гIаркьалаби гIемераб, хIеренаб каралъул, батIи-батIиял миллатазул гIадамал цолъизарураб, яхI-намусалдалъун мисал босизе бегьулеб, гьединго гIагараб ракьалде рокьи цIикIкIараб. Гьаб макъалаялда дие бокьун буго бицине дир кIодоэбел - Ханумил, дагъистаналдаго цIар рагIарав шагIир, философ, историк ХIасан-къади Алкъадарил васасул яс, ва гьединго цIар арав гIалимчи-востоковед, философ, историк - профессор Амри ШихсагIидовасул эбел.

# ХАНУМ-КIОДО

Къасумкенталда 1902 соналъ лъай бугел эбел-инсуе гьаюна Ханум абурай яс, щвана анкьгосонилаб лъай. Гьелъул эбел Райгьанат (хвана 1953с.) цIалана жиндирго эмен ХIасан Алкъадарида цее. 1877 соналъ пача тIаса рехизе гьабулеб халкъалъул дандечIчIеялдаса хадуб, анкьго сон барай Райгьанат инсуда цадахъ ссылкаялда йикIана (гьелъул карточкаялда – «халкъалъул дандечIчIеялда гIахьаллъи гьабичIо», - йилан хъван буго).

Райгьанатил рос Агъамирза МуртузгIалиев вукIана росдал даптарал хъвалев чилъунги, Кюри округалда таржамачилъунги. Гьев хвана 1918 соналъ.

Ханумил вукIуна 1910 соналъ гьавурав вац СагIид. 1927 соналъ гьес Касумкенталда лъугIизабула школа, цинги Буйнакскиялда Дагъистаналъул рабфак, гьелдаса хадув лъугьуна Дагъистаналъул педагогикияб институталде. 1935 соналъ институталъул нухмалъулез СагIид витIула Москваялде, ГIалибек Тахо-Годи директорлъун вугеб Централияб гIелмиябгун-цIехрехазул педагогикияб институталде, командировкаялъ ва гьенив аспирантураялде лъугьуна.

Цогидазда цевеги СагIид кидаго ватIавахъулаан цIалуде бугеб гъираялъ. 1936 соналъ гьес гIарза кьола Ленинградалда В. В. Воровскиясул цIаралда бугеб Журналистикаялъул коммунистическияб институталде цIализе лъугьине.

Амма цIали гьоркьоб къотIизабизе ккола: СагIидил рокъоб чIухь бала. Гьесул библиотекаялдаса тIахьазда гьоркьор ратула, 1920-соназго Сталинил партиялде данде чIарал, хадур – «халкъалъул тушбабилъун рихьизарурал» Рыковасул, Бухаринил, Зиновьевасул хIалтIаби.

Дагъистан АССРалъул НКВД-ялъул ХIукмуялда рекъон 1936 соналъул 5 сентябралда СагIид МуртузгIалиев туснахъ гьавула ва Магадан мухъалъул Мальдяк лагералде витIула. КватIичIого гьев гьенив хола.

* * *

17 сон барай Ханум кьола росасе. Кюри округалъул Ашага-Картас росулъа Рза Шихсаидовасе (1893–1930). 1911 соналъ Рзаца лъугIизабула Тифлисалъул I-себ бихьиназул гимназиялъул микьгосонилаб курс, меседил медалалда. Гьебго соналъ гьев вахъуна Санкт-Петербургалда Императорасул Рагъул-медициналъул Академиялъул студентлъун.

КватIичIого байбихьула I-себ дунялалъул рагъ. 1915 соналъ



Рза Шихсаидов

ТІолгороссиялъул миллияб союзалъул 30-абилеб санитариябгун-кванилаб отрядалъул зауряд-врач Рза Шихсаидов витІула Кавказалъул фронталде. БахІарчилъиялъе гІоло гьесие кьола 4-аб даражаялъул Георгил медаль.

Рза Шихсаидов ккола революция бахъилалде тІадегІанаб медициналъул лъай щварав тІоцересел дагъистанияздасан цояв. 192І соналъ гьев тасдикъ гьавуна Дагъистан АССРалъул сахлъи цІуниялъул халкъияв комиссарлъун ва гІемераб хІалтІи гьабуна санитариябгин эпидемиологияб хъулухъ Дагъистаналда цебетІеялъе. ГІадамаз хІурматгун абулаан гьесда «Рза-доктор», – илан.

Ханумицаги медицинаялъул курсал лъугІизаруна ва гьесул кумекчІужулъун лъугьана. Рза СагІидовичас гьарулаан хурдузул дараби ва цин жиндаго хІалбихьулаан. ГІемер жиндаго гьарурал хІалбихьияз гьесул сахлъи жагъаллъула ва 37 сонил гІумруялде вахарав гьев хола; вукъунги вуго Дербенталда Кырхляр хабзалалъ.

Рос хун хадуб Ханум, лъабго гьитІинаб лъимерги бачун, Дербенталдаса тІад юссуна гІагараб Къасумкенталде. Шагьаралда гІумру гьабизе гьелъие захІмат букІуна. Ханум Къасумкенталъул больницаялде медсестралъун хІалтІизе лъугьуна ва І960-абилел соназде щвезегІан гьений хІалтІула.

* * *

І920 соналъ Рзалги Ханумилги хъизамалда гьавула вас – Аскер. Къасумкенталда школаги лъугІизабун, Аскер цІализе лъугьуна МахІачхъалаялда Дагъистаналъул механикияб техникумалде. Хадув гьев вахъуна Севастополалда ЧІегІералъдал тІадегІанаб рагъул училищеялъул курсантлъун. І94І соналъул І февралалда цІалиги лъугІизабун, рагъул хІалтІи байбихьула ВМФ-алда. Аскер рагъ байбихьилалдего вукІуна 8І-абилеб ралъдал речІчІухъабазул бригадаялда взводалъул командирлъун.



Аскер Шихсаидов

І942 соналъул 8 марталда, фашистаздаса Ростов областалъул Матвеев Курган цІунун, лъабго ралъдал бригадаялъ захІматал рагъал гьарула ва гІемераб би тІола. Гьезул бащадаздасаги цІикІкІун чи камула. І942 соналъул І0 марталда Матвеев Курганалда рагъулъ Аскер Шихсаидов бахІарчиго хола. Гьев вукъун вуго Ростов областалъул Колесниково абулеб росулъ. Лейтенант Аскер Рзаевич Шихсаидовасул цІар, Севастополалда, П. С. Нахимовасул цІаралда бугеб ЧІегІералъдал тІадегІанаб рагъул-ралъдал училищеялда, цогидал хварал курсантазул фамилиябазда цадахъ, меседил хІарпаз мемориалияб хъорщода бикІун буго.

Гьоркьохьев вас, Атем Шихсаидов, гьавуна І92І соналъ. МахІачхъалаялъул автодорожнияб техникумалъул студент, гьев жиндиего бокьун уна фронталде.

*«ГІодуге, эбел. Дир чорхолъ би гьалдана, дуца хъварал «рецІел босе чІварав вацасул», – абурал рагІаби цІалидал. Гьел рагІаби дида кІоченаро. Дица рецІел босила ВатІаналъе ва эркенлъиялъе гІоло рагъда хварав вацасул. Нагагь тушманасул гулла дидаги щвани. биччанте лъабабилев вацас дун хисизе»,* – гьел мухъал руго Атемица эбелалъухъе І942 соналъул 27 июналда хъвараб кагътида.

І943 соналъул І2 февралалда Атем Рзаевич бахІарчиго хола Краснодаралъул ракьалда.



Атем Шихсаидов

гьес эбел балъаргъунаан, жив хIалтIулев мацIазул ва адабияталъул гIелмияб Институталъе, жанир хIалтIулещинал гIалимзабиги данде къан кьунин цо «ХIурматалъул гIаламат» орден, дуеги кьунин гьебго орденилан.

Амри Шихсаидов – дир кIудада, цIар рагIарав гIалимчи-востоковед, Россиялда ва Дагъистаналда гIелмабазул мустахIикъав хIаракатчи, Россиялъул хIукуматалъул Премиялъул лауреат. Гьесул букIана халатаб баркатаб гIумру ва 9I соналъул гIумруялде вахиндал хвана.



Амри Шихсаидов

КIиявго кIудияв васасул хвел Ханумие цIакъ захIмалъана ва гьей гIумруялъго чIегIерги бан йикIана. ХутIараб рокьи кьуна лъабабилев васасе, 1928 соналъ гьавурав ГIамрие. Гьеб цIаралъул магIнаги, гIараб мацIалдаса бачIараб, «гIумру» букIана.

* * *

1950 соналъул 12 ноябралда СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул Указалда рекъон «Дагъистан АССРалъ 30 сон тIубаялда бан» рихьизарурал церетIеязул хIасилалда – росдал магIишаталъулги, гIелмабазулги, маданияталъулги церехъабазе, предприятиязул директорзабазе, хIакимзабазе, нухмалъулезе, министерзабазе, партиялъул ва пачалихъалъул гIадамазе кьуна «ХIурматалъул гIаламат» орден. Гьеб хIурматияб сияхIалда букIана гIадатияй хIалтIухъан, Къасумкент районалъул больницаялъул медсестра Ханум Шихсаидовалъул цIарги. Амри, гьеб заманаялда цIалулев вукIана Ленинградалъул университеталда. Хадуб

* * *

КIудадаца гIемер абулаан: «Дир гIумру халатаб букIине кколин, щайгурелъул инсуцаги кIиявго вацасги разе кколел сналги дие малъун».

1984 соналъул 18 декабралда Шихсаидова Ханум Агъамирзоевна нилъедаса ятIалъана. Гьей юкъунги йиго жиндирго гIагараб Къасумкент росулъ. Доб заманалъ дир букIана ункъо сон, гьединлъидал дида гIемер ракIалда гьечIо Ханум-кIодо, амма чIахIияз бицунеб рагIана, гьей йикIун йиго хIикматай гIадан – гьалбал рокьулей, хIеренай ва хIалимай. Бищунго захIматал рагъдаса хадусел соназ гьелъ хIаракат бахъун буго жиндирго рагьде вачIарав щибав чи кванazавизе. ГIага-божаразги, росуцоязги гьелъул гIамал-хасияталъе кIудияб къимат кьола. Къасумкенталъул харабазда ракIалда буго гьелъ лъимер хвасар гьабураб куцги. ЗахIматаб къасисеб дежурствоялдаса рокъое ячIарай Ханум Шихсаидовалъ рукъалъул рагьу-махIу бахунаго рагIула, заманго щвелалде яцалъе лъимер гьабулеб бугин. Хъата-масан екерула гьение ва хIинкъи букIараб яцалъулги лъимадулги гIумру хвасар гьабула.

Ханумихъе рачIунаан гIакълу цIехезеги кумек гьарунги. Жакъаги дир библиотекаялда цIунун буго кIодоца тIад-тIадюссун цIалараб Л.Н. Толстоясул «Анна Каренина» абураб роман. Кинабго яшав-магIишатги рукъалъул хIалтIиги тIаде бегун букIаниги, гьелда заман батулаан васасул лъималазеги, жеги диегицин. Эбел-эмен хIалтIуде аралго дун вукIунаан Ханум-кIодода аскIов.

Гьелъул гьитIинав вас Амри хIалтIулеб тIолабго Институталъ, зигара бана Ханум Шихсаидова хвараб мехалъ. Гьей йокьулаан гьенир хIалтIулел киналго хIалтIухъабазе.

**P.S.**

**Ханум-кIодол вац СагIид ракIалде щвеялъе, дида лъуна гьесул цIарги.**

**СагIид ХIАЖИЕВ,**
**член Союза журналистов России**

ГьитIинаб ВатIан... БатIаго гьелъул хIакъалъулъ бицунаго ГIубайдат ГIусмановалъул каламалъулъ кинабгIаги сихIираб бербалагьи нилъеда бихьуларо: гьелъ рикIкIуна жиндир гIумруги махщелгьунарги бечед гьабиялъе гIиллалъун кколин жинда сверухъ ругел росуцоялги гIагарлъигиян, ва гьезул кумекалъ бугин жиндир чIаголъиялъе къуватги жанги кьолебилан.



# ГЬАДИНАН БИЖУЛА ГIАГАРАБ РАКЬАЛДЕ РОКЬИ...

ГIубайдатилъ лъун буго, гIумруялъулъ бищун аслияблъун бугеб, сахаб мугъ бищизе лъай, ай пайдаяб нахъе босун бажари.

– Гьеб кинабго буго саназда цадахъ бачIунеб жо – ян абуна ГIубайдатица, – гIумруялъ малъана дидаги, зодоб бугеб къункъраялдаса хъатикь бугеб къадакого лъикIаб букIунеблъи. Лъалищ, школалда дун йикIана жигарай, цIалдезеги квешай йикIинчIо, анищал гьарулаан тохтурлъун яхъинеги. Гьеб профессия букIана кидаго хIажатаблъун ва рикIкIунеблъун ва гьанжеги гьединго буго. Амма дица хIисабалде босулароан гIумруялда жаниб, нилъеца иш гуреб, ишалъ нилъ рищулеблъиги. Баллалги гIечIого, гIагараб Тельманил цIаралда букIараб колхозалда лъагIелалъ хIалтIизеги хIалтIун, ракIалдаго букIинчIеб Росдал магIишаталъул институталъул экономическияб факультеталде цIализе лъугьана. «Гьаваялда анищазда йикIиналдаса, диего ругьунаб пиша тIаса бищани щиб дие, – ян пикру гьабуна дица, – гьаб ракьалда гIуна ва бокьула, щиб лъалеб гьаниб батизе бегьула дирги талихI, – ян.

ГIубайдатил эмен Мухтар СагIидович гIемерал соназ хIалтIана ветеринарлъун. ХIажалъи бугони, инсуца малъухъе, гьалъухъаги бажарула хIайваналъе укол гьабизе, дару кьезе ва кIудияб рокьи-гурхIелгун ялагьула хIайваназухъ ва рухIчIаголъабазухъ.

Мухтар СагIидович вукIана жиндие гIадамалги гIадамазе живги вокьулев чи. ГIемерал соназ гьабуна гьес колхозалъул парторганизациялъе нухмалъи. Гьесухъан щвана ГIубайдатиеги жамгIияб хIаракатчилъиялъулаб мисал.

– Институталда дун йикIана группаялъул старосталъун, – абун бицана гьелъ, – ва гIахьаллъулаан вузалда тIоритIулел тIолалго тадбираздаги, художествениаб хIаракатчилъиялдаги. Дие гьединаб жигарчилъи киса щварабали бичIчIула, эбел – Умагьанат Алимовна Ванашимахиялъул культураялъул рукъалъул директорлъун ва гьединго эменги, гIумруялъ захIматалъул книжкаялда цохIо гурони хъвай–хъвагIай гьечIого хIалтIараблъи хIисабалде босани. Нижер хъизанго букIана захIмат бокьулеб, аваданаб, творчествоялде рокьи бугеб. Рокъор, киналго данделъараб заманаялда, ахIулаан некIсиял умумузул кучIдул, букIунаан ихтилат-кеп. Инсуца макънал киналго алатазда рачунаан ва гьес нижги ругьун гьаруна гьезулгун гьудуллъи кквезеги, гIагараб рукъалъул къимат гьабизеги. Нижеда лъалаан хъизаналдаса цебесеб щибго букIунареблъи, гьениб гьуинлъи цIунизе кколеблъи. Щугоял руго ниж – лъабго яц ва кIиго вац. Киназего рес кьуна тIадегIанаб лъай щвезе, малъана захIмат бокьизе, гIадамазул адаб-хIурмат гьабизе, тIадкъараб ишалъулъ жавабчилъи борхизе.




Жидер хъизаналъул магIишаталда хьихьулареб рухIчIаголъиго букIинчIилан бицана ГIубайдатица. РукIанила гIанкIу-хIелекоги, гIибоцIиги, гьелде тIаде хур-херги ва гьединлъидал эркенаб заманги жидер къанагIатаб букIанила.

– Эмен вукIана хIалтIиги бокьулев, тарбия кьезеги лъалев, гIадамаз жиндир адабги гьабулев, жинцаго гIадамазулги гьабулев чилъун, – абун бицана ГIубайдатица, – нижги гьес гьединаллъун гIезаруна. Гьединго гьесие бокьулаан гIемерав цIалдезе, гьебго нижелъги куцана гьес. Инсуда абулаан «хьвадулеб энциклопедия» вугилан, гьикъун гьесда лъалареб жоги букIунароан. Гьес тIоцебе захIматалъул гIумруялде гали тIамураб Дахадаев районалъул гIадамазда гьев жакъаги кIочон гьечIо. ЛъикIав чи хIисабалда гIадамазда ракIалда хутIи – бищунго кIудияб шапакъатлъунги букIунеб батила. Эмен вукIана гьереси бицине ругьунлъичIев чи, ва нижееги гьукъана гьереси бицине, ругьун гьаруна кIигьумерчилъи ва хIалихьалъи рикIкIад гьабизе.

– Бигьаго букIанищха нижее гIумру гьабизе? Дица гьелъул пикру гIемераб гьабула ва бичIчIула хъизаналда щвараб тарбиялда рекъон гIумруги унеблъи. Гьелда релълъараб бижула гIумруялде балагьи, хъизаналъул къимат гьаби, захIматалъул хIасилал гьари. Нижеда малъулаан гIамал кIодого хьвадугейин, гIадамазухъ гIенеккизе лъайин. Гьел дарсаз ниж киназего кумек гьабуна гIумруялда битIараб нух кквеялъе, жидерго пикруялъухъ гIадамал гIенеккулеллъун рукIиналъе, – ян бицана ГIубайдат Мухтаровнаялъ. Нижер хъизаналда руго рагъулал хъулухъчагIиги, мугIалималги, техникалги, дунин абуни йиго экономист. Ва щивасда бичIчIула яхI-намусалъул гIорхъи – гьеб хъизаналде, гIадамазде бугеб адаб-хIурмат, гьездехун бугеб рокьи ва бербалагьи букIин.

– Ракьалда ругелщинал гьунаралха! – ян абуна ГIубайдатица. – ГIумруялъго гьезда хIайранлъун хутIана! Гьанже заман захIматаб бачIана, хIинкъи гьечIиланги абизе кIвеларо, рихха–хочараб гIумру букIиналъ гIадамазул психологияги хисулеб буго. ЗахIматалъулаб тарбия кьей абураб жоги кIочон толеб буго. Нилъер заманаялда гIолохъанчи хурив вихьи къанагIатаб иш буго. Нагагьлъун рихьулелги, хур гьабулел гурел, фермералин яги пачалихъалъул секторалда хIалтIулелилан абурал чагIи ратула.

ГIубайдатица ракIалде щвезабуна вузги лъугIизабун Ханум МухIамадовалъул магIишаталде жийго ячIараб къоги ва гьений анцIго соналъ экономистлъун хIалтIараб заманги.

– Доб букIана 90 абилел соназул байбихьи, – ян бицана гьелъ, – тIаде щолеб букIана приватизациялъул заман. ГIадамаз реформаби къабул гьарулел рукIинчIо, гьезда берда бихьулаго биххулеб букIана росдал магIишат. Байбихьана ракь бикьа–биххизе, гьелъул даран гьабизе. ЗахIматаб заман букIана. Дун хIалтIулей йикIана гIадамазе психологиябгун-педагогикияб кумек гьабиялъул централда, лъагIелгун бащдалдаса щвана дие райадминистрциялда аслияв специалистасул хъулухъ.

Бажари бугей специалист йикIинги бихьун, муниципалиталъул бетIер М. ГIумаровас гьей жиндирго заместительлъун тана.

– Сордо-къоялъги хIалтIуда хутIараб мехги букIунаан, – абун бицана гьелъ. Дир жавабчилъиялда рукIана ЖКХ, экономика, бакIал рай, ракьул суалал. – Гьеб дие ккана нухмалъи гьабизе лъикIаб школалъун. Гьанже Сергохъала шагьаралдаса батIа бахъизеги захIмалъула: къватIазде тIун буго хьил, руго паркал, рацIцIалъи, гIадлу-низам.

– Районалъул бетIерги гьадингояв нухмалъулев гуро, гьев вуго хIалтIулъ къарав ва жавабчилъи цIикIкIарав нухмалъулев, гьединабго буго командаги. Гьевгун хIалтIизе лъикI буго, кигIанго къварун иш тIалаб гьабулеб букIаниги. Гьединаб буго нухмалъулесул хIалтIул низамги жавабчилъиги. Гьанжесеб захIматаб заманаялда батIайиса букIинеги бегьуларо. БетIер хIадурав вукIуна кинazухъго гIенеккизе, щивасул рахъ ккvезе, кумек гьабизе. Буго гьесул тIаде къабул гьарулеб къоги, амма къваригIел бугел гьесухъе бокьараб заманаялда ккезе бегьула, – ян бицана ГIубайдатица.

Дица гьелда гьикъана, кинин, гьединаб жавабияб хIалтIиги букIаго, рукъги тIубазе, лъикIай эбеллъунги йикIине заман батулеб абун. ГIубайдат гьимана ва жаваб гьабуна, заман ургъун хвезабизе лъани, киналъего гIолилан.

– Нилъеда тIадкъараб хIалтIи лъикI тIубазабичIого кин рукIинел.

Рос Макъсуд, баркала гьесие, кидаго хIадурав вуго дие кумекалъе ватизе. Нижеца гIезаруна лъабго яс, – абун пикрабалъе ана гьей, – рукъалде руссинаруна, гьезулги щугоял лъимал гIуна. Дица гIемераб хIисаб гьабула, амма, бищунго захIматаб хIалтIи – берцинаб, талихIаб хъизан гIуцIи батула...

*ГIубайдат Мухтаровна божулей йиго жакъа пачалихъалъ хъизан щулалъизабиялде кьолеб кIваралда ва рикIкIунеб буго гьеб бищунго цебесеб масъалалъун кколилан. Хъизаналда гIуцIулила чи ва гьениб щвараб тарбиялда бараб букIунила чиясул бичIчIиги, балагьиги, вукIавахъинги, ВатIаналде ва вижараб ракьалде рокьигиян абуна гьелъ... Гьединго ракIалде щвезабуна сергохъалаялъулазул рукъзабахъе хъачагълъи лъугьунеб букIараб заман...*

– Интеллигенция гIемераб, хъвадарухъаби, шагIирал, пачалихъалъул хъулухъчагIи, гьунар бугел гIолохъаби жанир ругеб районалде циндаго бачIана балагь, – абун бицана гьелъ. – Гьеб мехалда бичIчIана нижеда, къварилъи чияр букIунареблъи, ахIана данделъиял, лъугьун бугеб ахIвал-хIалалда хурхун гIакълу дандбана. Гьединал тадбиразул кумекалдалъун бажарана хъачагъазул къокъабаздаса нижерго ракь эркен гьабизе, эркенго хьвадизе, тIабигIаталде рахъине хIинкъи букIунареб хIал лъугьинабизе.

Лъилъулареб ругъунлъун гIадамазул ракIазулъ хутIун буго М. НурбахIандовасул хвел, амма гьеб ккана гIолохъабазе бахIарчилъиялъул мисаллъун. Гьес жиндирго бахIарчилъиялдалъун рагIизабуна Дагъистан. Росу-ракьцоял чIухIула гьесдаса ва кидаго кIочонги теларо гIадамазда гьесул багьадураб хвел.

ГIубайдат Мухтаровнаялъул пикрабалъ бихьула ракIунтиги ва гьебго заманалда чIухIиги. Гьей киданиги зигардуларо ва гIумруялъул щибаб лахIзаталъул къиматги гьабула. Гьелъ гьираялда бицана жидер «БакIалъулаб хIаракатчилъи абураб проекталъул хIакъалъулъ. Гьеб проекталда рекъон гIадамазе чIезабизе ккола бацIцIадаб лъим. Гьединаб хIаракатчилъи, социалиябгун-экономикияб рахъалъ район цебетIезабиялъе кумекалъе батизе буго.

– Регионалъулаб бюджеталъул хIисабалдаса гьединал кIудиял проектал гIумруялде рахьинарулел руго тIоцебесеб нухалда. Гьел ккола: «Дир Дагъистан – дир квегIенаб сверухълъи», «Дир Дагъистан – дир лъим», «Дир Дагъистан – дир нухал» абурал проектал. Муниципалитеталъул бетIерас кIудияб кIвар кьолеб буго гьезда хадуб жамгIияталъул рахъалдасан хъаравуллъи букIинабиялъеги.

Къокъабго заманаялда жаниб лъуна районалда лъим бацIцIад гьабиялъе цIияб оборудование, рагIалде бахъинабуна гIемерисел росабалъе нухал къачIаялъул хIалтIаби, къачIана гIемерал къватIалги. ГIубайдат Мухтаровна божулей йиго муниципалитеталъ гьел ишал бергьенлъиялда тIуразе рукIиналда. Гьениб гIемераб хIалтIи гьабулеб буго гIолохъанал ва хIаракатал, район цебетIезабизе гьира бугел менеджеразги.

– КъватIиса специалистал хIажалъулеб хIалги гьечIо, гьел бакIалдаго гIезаризе ккола ва гьединаб ресги буго. Пайда босичIого тарал ракьалги дагьал гьечIо, гьелъиеги къваригIун руго жанги гьираги бугел, гьитIинаб ВатIан – рижараб ракь бокьулел гIолохъаби, – ян абуна ГIубайдат Мухтаровнаялъ, – кинабго гьебин абуни букIине ккола чиясул бидулъ.

Дица гьелда гьикъана ясазул иш–пиша щибин бугеб.

– Гьезги жидерго тухумалъул бараб лъикIаб щинаб босана, – абун гьимана ГIубайдат Мухтаровна. – Бищунго кIудияй Замира ДГУ-ги лъугIизабун хIалтIулей йиго Сергохъала районалдаго нотариуслъун вугев инсуда цадахъ. ГьитIинай Бариятги ана инсулго нухдасан, гьелъ нотариусалъул стажировка гьабулеб буго. Аймеседуца лъугIизабуна экономикияб факультет, хIалтIулей йиго республикаялъул предпринимателазе кумек гьабиялъул Централда. Макъсудилги дирги анищлъун букIана ясал захIматги бокьулел, ишги лъалел, жавабчилъиги бичIчIулел, нижги нечезаруларел, гIадамалги жидедаса разияллъун гIезари, – ян абуна ГIубайдат Мухтаровнаялъ ва гьимулаго тIадеги жубана, – гьезул лъималгIаги дир нухдасанги ун экономисталлъун, агрономаллъун ва районги росу-ракьги цебетIезабиялъе хIалтIулеллъун рукIине ратилилан.

**Гьадинан бижула гIагараб ракьалдехун ва гIадамаздехун рокьи...**

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**





Ватилин кколаро магIарулазда гьоркьов цIар рагIарай магIарул мацIалъул мугIалим Сарат МухIумаеваги лъаларев, гьелъул хIеренаб, берцинаб гьаракьалъ литературияб мацIалда рикIкIунел кучIдулги рагIичIев, гьез асарги гьабичIев чи. КучIдул цIализе гуребги, хъвазеги буго Саратил кIудияб гьунар. Гьелъ щибаб кочIол мухъилъ къватIибе кьолеб буго жиндир рекIел бухIи, унти, ургъел ва цадахъго – кIудияб хьул.

*Сарат МУХIУМАЕВА*

## КИРЕДАЙ РАЧИНА ГЬАЛ КАРАЧЕЛАЗ…

Жакъаги кьуна дарс магIарул мацIалъ,
Бащдаб магIарулалъ, бащдаб гIурусалъ,
Жакъаги щвана дун свакан рокъое,
Свараб чирахъ гIадин, рекIел нурги сун.

Сабураб, магIнаяб магIарул рагIи
ГIисинаб гIелалъе гIадлъулеб буго,
Чилъиялъул хIуби, яхIалъул рачел,
Рахьдал мацI гьазие чиярлъун буго.

Гьан бичун чед босун дир магIарулаз
МагIарул мацIалъул гьод бекун буго,
Гьадинаб бечедаб дир авар калам,
Чияраб мацIалъе наку чIван буго.

МагIарул халкъалъул гIисинал лъимал
Гьале дир дарсида гIодор чIун руго,
Гьале дун гьитIинав магIаруласда
МагIарул мацIалда кIалъалей йиго.

Дий гьев магIарулас гьадинаб жаваб,
Бадиве валагьун, гьабулеб буго:
«Не понимаю я аварский язык
Скажите на русском, тогда я пойму».

МагIарул васасул гIасияб калам
Каранлъ къазабураб ханжарин ккана,
ГIакълу гьечIолъиялъ бицараб рагIи
РечIчIараб гьорчолъун гIадалъ кьабана.

Кин, дир магIарулав, дуда гьеб рагIи
ГьедигIан бигьаго абизе кIвараб?
Кин мун гьавурал дур эбел-инсуда
Гьединан мунги тун рукIине кIварал?

Кин нужеда кIолеб, дир магIарулал,
МагIарул мацIалъул цIоко бахъизе?
Кин нужеда щолеб сардилъ макьуго
Чохьол лъималазда мацIги кIочон тун?

Щай, нужер сурсатал тIатIала рехун,
Лъимада мацI лъазе тIаделъуларел?
Щай, тIолабго дир халкъ дандеги руссун,
Гьаб унтуе дару ургъулеб гьечIеб?

ХинкI-чедалъул ургъел тIадеги босун,
Миллияб рахъалде рохъо хъван буго,
МацI хвеялда цадахъ халкъ холеблъиги
КIварго гьабичIого кIочон тун буго.

Щиб къисматдай ккела гьаб дир халкъалъул,
Халкъияб хазина чадихъги бичун?
Киредай рачина гьал карачелаз,
Чияр культурабаз кверде росарал?!...

* * *

Гьаб жакъасеб дарсиде цIаруе щварай гуро,
ЦIер гIадинаб бацIцIадаб рокьуца цIарай йиго.
Рокьула дие мугIрул, магIарул пасихIаб мацI,
Дирго хирияб ТIалъи, хундерил гьайбатаб ракь.

Бокьула инсул росу, росдал иццал, ссанаби,
ТIогьолъан жиб баккараб сверухъ бугеб тIабигIат,
Бокьун буго дир рокьи киназего бикьизе,
Жив-живасул рекIелъан гьеб рокьул кан кунчIизе.

Дир халкъалъул яхI-намус, бахIарчияб хасият,
Хиси гьечIеб гIадатлъи, гIурхъи гьечIеб гIаданлъи,
Дир халкъалъул гьайбатлъи, гьезул гьунар, лебаллъи,
Жиндилъан яхI бецIцIулеб гьаб мацIалъул гьуинлъи.

Гьаб рокьул кваcIи босун нужехъе дун ячIана,
Дир хириял тIанчIазе тIугьдуллъун гьеб бикьизе,
Гьаб асаралъул гъамас дица нужей рагьила,
Гьеб ричIулел кIулалги, кIвар кьун, нужехъе кьела.

Нилъ дарсида рахина рорхатал мугIруздеги,
МугIруздасан рещтIина щобал кIкIалабахъеги
МагIарул гьава цIуйла, цIорораб лъим гьекъела,
Бакъудехун руссарал тIугьдузул махI сунтIила…

МагIарул мацI малъизе жигар бахъулел ругел
МугIалимзабазеги гьарула дица сахлъи!
Нужер захIматаб хIалтIулъ кьеги нужее сахлъи,
Жидерго мацI бокьулел кьеги нужее лъимал!



Гъуниб районалъул КІуядаса шагІир ва мугІалим МухІамад ХІасановасул асаразулъ нилъеда бихьулеб буго гІагараб ВатІаналде хІасратаб рокьи, рекІел тІеренлъи, гІун бачІунеб гІелалъул ва магІарул миллаталъул букІинеселъул ургъел. ШигІру берцин гьабулел дандекквеялги, магІарул мацІалъул бечелъиги загьирлъулеб буго чІагоял, пасихІал, жакъасеб гІумруялъул сурат бахъун хъварал МухІамадил кучІдузулъ.

*МухІамад ХІАСАНОВ*

## ЦІУМАЛЛЪУН ГІУРАЛ

ВатІан цІунулаго цІадулъе арал
ЦІар къваригІун гуро дир росуцоял.
Рогьояв тушманас тохлъукье кьураб
Кьалул коронире рана бахІарзал.

ЦІудул куркьбал хьвагІун роржен гьабурал
Рокьукълъиялъ гуро гьал гІедегІарал.
Рокьукъав тушманас гІорхъукье гъураб
ГъалбацІий гудраде гучлъана васал.

Багьадураб хатІалъ хьируда тараб
Халкъ гІедегІуларо магІу бакъвазе.
Къуръан – хІадисалъул хІурупалъ хъвараб
ХІикмат къиблалъула къисмат гьекъезе.

Умумул! ЧІагоялъ роржуна цІарал,
ЖужахІалъул цІадулъ цІумаллъун гІурал.
ЦІвабилъун мармаралъ лъедола хІарпал,
ХІиллаялъул каранлъ квелъ бан ругьунал…

Жакъа ралагье нилъ гьале умумахъ,
Улка – ракь цІунизе цІар нахъе тарал.
Рахъа тІаде даим дол бахІарзазухъ,
Бергьенлъи кьолозе кьалда къанщарал.

Ралагье, БахІарчи – лъоле СагІаду,
Сорозе гьабурав тушманасул бо!
Тарихалда лъела лъол ветеранал,
Росдал агьлуялъе улка къалъарал!..

Къадруяб ВатІаналъ тІегьан гІуна нилъ,
ТІолго дунялалъе рекъел гІуцІидал.
Ракълилаб дир халкъалъ хвасарлъана нилъ,
Хиянатав тушман тІаде гІунтІидал.

## МУГІАЛИМЛЪИЯЛЪЕ ГІУМРУГИ КЬУНИН

МугІалимлъиялъе гІумруги кьунин,
МагІарухъ гІурал нилъ мугІруздаго лъикІ.
КІодолъи балагьун берал рагьичІин,
Росдал агьлуялъул узденлъуда лъикІ.

ЛъикІлъиялъе бараб борхатаб хъала,
Буго цІалдохъабаз цІунизе кьураб.
Кириялъе хъвараб хазинаб зарра,
Халкъул гІаламалъе лъилъизе гІураб.

## ЧВАНТА ГІАРЦУЛ ЦІУРАЗ

Учитель ватизе чи хІажалъидал,
Чванта гІарцулалда гІунун лъураб халкъ.
Хвалдаса вигьине врач щуридал,
Шагьи гуреялда гаргалареб шавкъ.

Рахан кириталгин конторал гьечІищ,
Гьал хІакимзабаца хІулун лъеларищ?
ХІукумат гІанкулел гІункІкІал регьечІищ,
ГІумру хІанкулеца хІурун теларищ?

Гьанже гІаданлъиялъ гІарцул шавкъ буго,
Шагьиялде цІалеб батула цІобги.
ЦІорол матІуялъги тІад гъалай буго,
Гъаримго цІорола цІобалъ хІухьелги…

Хивалаз ахІила анищ ханлъуде,
Анищаз хинлъила хивал лагълъуде.





# ТалихI кьун рохаял, кьоге тарбия, Нужер тарбияялъ турулел ругин...

**Нилъеца тарбия, къваригIинего къваригIунарилан, кього-лъеберго соналъ добехун гелдизабун тана. Тарбия гьечIеб бакIалда букIунеб жо гурин дунилан, яхIги ана добасаги добехун. Тарбияги яхIги гьечIеб бакIалда намусалъулги квал-квал букIинарищха, гьелда тIадги бакIал къанал чIвана, бетIер тIаде борхичIого букIине... Гьедин рачIинаго кIала-гъоркье чIвана аб дуниял. Доб яхI-намус бакIаб жо букIунелъул, яхIгьечIал тIад росана, цIунарал – тIиналде ана. Риди тIаде ккана, тIорахь гъоркье ккана...**

ЯхIгьечIазул рагъа-ракариги гьединабго яхIнич гьечIеб букIунелъул, вай, Аллагь, цебе букIараб лъикIила, рукIарал лъикIал гIадамалила, цоцазул букIараб къадру-къиматила… тарбия кьезе кколила гьаб гIун бачIунеб гIелалъейилан зурзудизе лъугьана нилъ. Тарбияги, яхIги, ничги гьечIониги, бетIер хIалтIулеб бугелъулха. ТалихIалъ.

Гьазда лъалеб жого гьечIила, я кIудияв вачIани тIаде рахъине лъаларила, чIахIиязул адаб гьабизе лъаларила, гIисиназе кумек гьабизе лъаларилан, лъималазда рекъоларого, школалъгIагийищила гьазие тарбия кьолареб, эбел-эменги магIишаталдаса сундего регIараб заман гьечIелъулилан мекъдарана…

*Заманалъул гьоко, лъалхъе цо дагьалъ*
*Дие бокьун буго гъоркье рещтIине.*
*Дур чIамучIаб къири, чIобогояб кечI*
*ЧIалгIана гIагараб, гIайиб гьабуге.*

*ГIагараб Дагъистан, барщана мунгун,*
*Боржин дуца тедал, тана мун ракIалъ.*
*Тана къункърабаца хаслил зоб гIадин,*
*Загъалаб хераб гъветI, тIамхаца гIадин.*

*Дур кIийиде бикьи, кIигьумерчилъи,*
*КIолеб гьечIо дида тIокIалъ хIехьезе.*
*Дур хIакимзабазе хIелхIелчагIаца*
*Кьабулел хъатаца хъарсун буго ракI* – илан хъвана ХIабиб Давудовас.

Гьедин зигардилаго нилъ ралагьулел руго цере рукIаразухъги, гIун бачIунеб гIелалъухъги. Гьезул бугеб кIудияб батIалъиги бихьулеб буго.

Нилъехъго ралагьулел гьечIо! Нилъго рихьулел гьечIо! ГIайибалъул бутIрул нилъголъидал! Нилъее, лъица тарбия кьунги, гьаб гIун бачIунеб гIел, дол нилъер умумузда релъине бокьун буго. Гьел тарбия щварал лъугьине бокьун буго. Амма, лъималазда цере, мисал босизе, нилъ гурони гьечIо. Нилъедаса мисалги босулеб буго.

Гьаб сверун бихьулеб, рагIулеб, лъугьунеб бугеб щинаб жо гурищ гIун бачIунеб гIелалъе тарбия? Гьеле нилъер лъималаз унго-унгоги росулел дарсал. Школалда, партабазда нахъаги рукIинарун, бадире килщалги регьун кьолеб жо гурелъул тарбия бук1унеб. Гьез нилъеца гьабулеб бихьараб босула. Бищун цебе нилъеего кьезе ккола тарбия! Гьеб мехалъ лъималги лъугьуна тарбия щварал.

Щиб гьабулелха нилъ ругел? Нилъ руго бикъунги, хъамунги, гьерсал рицунги, хIелхIедунги нилъеего гIарацги рахIатги балагьулел. Гьебго заманаялъ, нилъеца бицунеб буго, нилъ нилъерго умумуздаса мисал босун хьвадизе кколила, дол гIадинал бахIарчиял, ритIухъал, лъиего бетIер къулуларел рукIине кколилан.

Гьеб буго лъугьинего лъугьунареб, букIинего букIунареб жо. Нилъер умумузги нилъецаги къимат гьабулел жал батIи-батIиял руго. Умумузе бечелъилъун букIана яхI, ясбер гIадин цIунараб намус, борхатго ккураб цIар, гIелму, гIамал, бахIарчилъи… ХIасил-калам, бичун босун бажарулареб щинаб жо. Гьелъул къимат гьабизе лъималги куцалел рукIана. Гьезда батIиял рукIине бегьулеблъицин лъалеб букIинчIо..

Нилъеца хвезабунаха кинабго. Нилъер бечелъи буго гIарац ва гIарцухъ бичун босун бажарулеб щинаб жо. Амма, гьелдаги нилъ чIечIо. Нилъеца чIван чIобого бичана, нилъер умумуз, гIумру къуниги кьолареб букIараб, бичун босун бажарулареб щинаб рухIияб бечелъи. ЦIакъ учузго бичана. Нилъер мисалги берда цебе тун, нилъер лъималаз кидаялиго рукIарал умумуздаса мисал босуларо! Гьезиеги нилъер бечелъи бокьула, дозул бокьуларо.

ХIабибица абухъе:

*РукIана гIадамал, букIана гIумру,*
*ГIаданлъи цIунарал цIвабзаз гвангъараб.*
*РукIана росаби, ясаз харцица,*
*Харида пандур хъван ахIулел кучIдул.*

*Кинабго букIараб бикъана, чIвана*
*ЧIегIерал накIкIаца рахчана зобал.*
*Роржунел щиналде бана гIарада*
*ГIисинлъи босана, борхалъи бичун.*

*Гьанже щиб дир угьди, дир чIалгIен дир кечI-*
*Карачелабалъе тIинкIараб магIу.*
*МугIрузде лъутулел дир хиялазда*
*Хурхарал аницаз угьараб хIухьел.*

*Дун гъоркье рештIина, мун цебехун а,*
*Цидалаб, хIинкъараб, къабихIаб заман.*
*Дуе зани чIвараб заман бачIани,*
*ВачIина тIадвуссун, чIаго хутIани.*

*Огь, гIаздалъ хутIараб, хирияб тIалъи*
*ТIадго буссинебдай духъе араб их.*

КигIандай гIодизе ккелел, чанцIулдай керен ххачазе ккелеб?! Ясал, улбул, рач1аха пикру гьабизе.

**Баху МУХIИДИНОВА**



*Рахьдал мацӀ*

## Рахчарал рагӀаби рате



| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| цӀ | у | | а | цӀ | е | р | а | с |



| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ц | е | | у | з | о | б | о | х |



| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| н | а | | а | н | у | с | о | к |



| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| б | а | | е | д | у | гъ | у | д |

Жавабал
1-й рад – цӀум, мацӀ, цӀер, рас.
2-й рад – цер, руз, зоб, бох.
3-й рад – нах, хан, нус, сок.
4-й рад – бакъ, къед, дугъ, гъуд.

## РагӀи гӀуцӀе

гъа → ?, ?, ?



къа → ?, ?, ?



гӀа → ?, ?, ?



Жавабал
1. Къалам, къандалъо, къали.
2. ГъалбацӀ, гъадаро, гъамас.
3. ГӀака, гӀанса, гӀарац.

*ХӀадур гьабуна Сарат МухӀумаевалъ*



# Журнал в журнале



Рецепты средиземноморской кухни

# Аппетитные блюда по-итальянски



## Макароны с овощным рагу

**На 4 порции:**

- 250 г брокколи
- 1 цуккини
- 4 помидора
- 1 стручок желтого сладкого перца
- 2 зубчика чеснока
- 2 ст. ложки оливкового масла
- 200 мл овощного бульона
- соль
- молотый черный перец
- 500 г макарон-перышек
- несколько веточек базилика
- 1 лимон

ПРИГОТОВЛЕНИЕ:

1. Овощи вымыть и почистить. Брокколи разделить на соцветия. Цуккини нарезать кружками. Помидоры крестообразно надсечь острым ножом, обдать кипятком, затем холодной водой, снять кожицу и нарезать мякоть мелкими кусочками. Сладкий перец нарезать широкими полосками.

2. Репчатый лук и чеснок очистить от шелухи, мелко порубить и подрумянить в разогретом оливковом масле. Добавить овощи, влить овощной бульон и тушить под крышкой 12 мин. Посолить и поперчить.

3. Макароны сварить, откинуть на дуршлаг и дать воде стечь. Базилик вымыть, отряхнуть от капель и нарезать полосками. Лимон вымыть горячей водой, обсушить и натереть ½ чайной ложки цедры.

4. Макароны разложить по тарелкам вместе с овощным рагу. Подать на стол, украсив базиликом и лимонной цедрой.

# ВСЕ ЛЮБЯТ КАБАЧКИ



Летний стол невозможно представить без кабачков – это самый доступный овощ, и приготовить из него можно массу вкуснейших блюд. Кабачки не обладают собственным ярко выраженным вкусом, а потому легко сочетаются с любимыми продуктами. Не стоит забывать и о пользе кабачков. В этих овощах присутствуют витамины групп А, В, С, Н, РР и знаменитый витамин молодости – Е (токоферол). Много в кабачках и минеральных веществ: калия, натрия, магния, фосфора и железа. Соотношение калия и натрия таково, что употребление кабачков выводит излишки натриевых солей из организма, то есть кабачки очень полезны для людей, страдающих гипертонией и сердечно-сосудистыми заболеваниями.

Благодаря низкому содержанию грубых волокон блюда из кабачков очень мягкие и нежные, к тому же в них много пектина, способствующего легкому усвоению пищи. Пектины помогают вывести из организма лишний холестерин. Полезны кабачки и людям, страдающим гепатитом, холециститом, желчнокаменной болезнью, хроническим колитом, гипертонией, атеросклерозом, хроническими нефритами и пиелонефритами. Врачи рекомендуют блюда из кабачков при мочекаменной болезни с выпадением оксалатов и уратов, подагре и других нарушениях обмена веществ. И наконец, кабачки совершенно не вызывают аллергии, более того, сами обладают противоаллергенным действием.

## Малосольные кабачки

Кабачки – 2,5 кг, 1 головка чеснока, букет зелени для засолки (ветки семенного укропа, листья черной смородины, листья вишни и листья хрена), душистый перец горошком, соль – 3 ст. ложки, сахарный песок – 1 ст. ложка, вода – 1,5 л.

Кабачки помыть, очистить от кожуры, порезать кружочками. Сложить кружочки в кастрюлю одним слоем. Выложить на кабачки семенной укроп, листья смородины и вишни, а также очищенные дольки чеснока и перец горошком. Накрыть первый слой листьями хрена. Выложить второй слой кабачков. Опять положить укроп, листья смородины и вишни, чеснок и перец. Накрыть листьями хрена. В отдельной кастрюле приготовить рассол: в 1,5 л воды засыпать соль и сахар и довести до кипения. Залить кабачки закипевшим рассолом так, чтобы он полностью их покрыл. Накрыть кастрюлю крышкой, остудить при комнатной температуре, затем убрать в холодильник. Малосольные кабачки готовы через сутки.



## Рулет из кабачков

2 средних кабачка, 2 яйца, 1 стакан муки, 2 ст. ложки крахмала, 120 г молока, 0,5 ч. ложки соли, 1 ст. ложка порезанного укропа, щепотка соды, 2 средних баклажана, 2 зубчика чеснока, по 100 г майонеза и сметаны.

Очистить баклажаны от кожуры и порезать их тоненькими полосками, обвалять в муке и обжарить с двух сторон. Затем выложить их на салфетку, чтобы они остыли. Кабачки почистить и потереть на мелкой терке, добавить яйца, соду, крахмал, немного молока и зелень укропа. Перемешать. Полученное тесто вылить на противень, выстланный пергаментной бумагой и смазанный сливочным маслом, и выпекать до подрумянивания краев. В отдельную миску положить порезанный чеснок, зелень, молотый перец, соль, майонез и тщательно перемешать. Когда кабачковый корж будет готов, сверху смазать соусом, ровным слоем выложить баклажаны, снова смазать соусом, аккуратно свернуть в рулет и оставить остывать.



## Суп-пюре из кабачков

Молоко – 150 г, овощной бульон – 300 г, мука – 1 ст. ложка, кабачки – 200 г, 1 яичный желток, сливочное масло – 2 ст. ложки, соль по вкусу.

Кабачки очистить и порезать небольшими кубиками. Поместить их в кастрюлю со сливочным маслом и поджарить до золотистой корочки. Далее обжарить муку до желтого цвета, дать ей остыть, затем добавить в муку овощной бульон и залить все это теплым молоком. Готовый соус вылить в кастрюлю с поджаренными кабачками, затем добавить в общую массу остатки овощного бульона и дать супу хорошенько прокипеть. Немного охладить получившийся суп, добавить взбитый яичный желток и оставить томиться на медленном огне до тех пор, пока масса не загустеет.



Травы придают блюдам неповторимый аромат

# МАЛЕНЬКИЕ ТРАВЯНЫЕ ТАЙНЫ

## ВЫРАСТИТЬ ТРАВЫ САМИМ

Сделать это очень просто: выбор продаваемых сейчас семян велик. Маленькие горшочки нужно заполнить рыхлой землей, вдавить в нее семена, полить и поставить в теплое место. Уже через несколько дней вы сможете с помощью ножниц «собирать урожай». Выглядит симпатично: воткнуть в землю маленькие глиняные дощечки с надписями названий трав. Обратите внимание на то, что написано на пакетиках с семенами. Одни травы являются однолетними, другие растут не один сезон.

## НЕПЛОХО ЗНАТЬ

Покупая зелень, вы должны обратить внимание на ее свежесть – зелень не должна быть увядшей, желтого цвета. Перед приготовлением ополоснуть зелень холодной водой, отряхнуть от капель и нарезать так мелко, как требуется. Лучше всего это получается тогда, когда она многократно вдоль и поперек рубится на широкой доске большим гладким острым ножом. Очень практичными являются так называемый качающийся нож или мельница для зелени.

Во многих блюдах именно травы ставят недостающую точку над i. Большинство трав продаются сейчас пучками не только сезонно, а буквально круглый год. Мы расскажем вам о том, с какими блюдами наиболее удачно сочетаются разные травы и как вырастить их на собственном подоконнике.



■ Базилик придает аромат блюдам из макарон. Лучше добавлять его в горячие блюда в конце варки



■ Душица – вкусная приправа к пище. Ее хорошо добавлять к блюдам из баранины или говядины.



■ Нежный купырь сочетается с морковью, картофелем и супами. Используется только в свежем виде.



■ Укроп особенно хорош в рыбных блюдах. В пищу добавляйте лишь нежные кончики, но не рубите их.



■ Лук-резанец превосходно сочетается с помидорами, омлетом, творогом, креветками, картофелем.



■ Ясменник пахучий чаще всего используется для приготовления разнообразных крюшонов.



■ Лавровый лист применяется в повседневном меню для придания пряного аромата и вкуса.



■ Розмарин превосходно подходит к жаркому. Практический совет: целые веточки гораздо легче удалить.



■ Мяту следует использовать умеренно. Добавляется в крюшоны, десерты и восточные блюда.

Последняя пользуется сейчас особой популярностью и продается во многих хозяйственных магазинах.

Такие травы, как петрушка и укроп, добавляются в супы и соусы под самый конец – только так они полностью раскрывают свой аромат.

Орегано, тимьян и розмарин часто добавляют в выделяемый при жарке сок.

Совет: связать травы пучком или положить в чайное ситечко в форме яйца, чтобы потом было проще извлекать из готового блюда.

## ХРАНЕНИЕ

Все травы, за исключением купыря и ясменника пахучего, можно сушить и даже замораживать, чтобы продлить возможность их использования.

Для замораживания зелень нужно вымыть под струей воды, тщательно отряхнуть от капель и мелко порубить.

Хранить ее можно в полиэтиленовых пакетах или контейнерах. Для меньших порций вполне подойдут формочки для льда.

Чтобы дольше сохранить петрушку, укроп, их нужно опустить стеблями в воду. Или же, спрыснув пучки водой, завернуть их во влажную марлю, положить в полиэтиленовый пакет и убрать в холодильник. Этот способ позволяет хранить зелень до семи дней.

# ХОЗЯЙКЕ НА ЗАМЕТКУ

- Если вы собираетесь использовать лед для напитков и коктейлей, в каждую ячейку ванночки положите ягодку вишни (из компота или варенья) или любую другую ягоду. Залейте фруктовой водой и поставьте в морозилку. Такие кубики выглядят очень эффектно.
- Места среза не использованной полностью луковицы смажьте любым жиром – лук сохранит свежесть и питательные свойства.
- Если добавить в сметану немного молока, она не свернётся в подливе.
- Для предохранения открытой томатной пасты от плесени нужно на крышку нанести немного сухой горчицы.
- Оставшуюся в банке томатную пасту можно уберечь от плесени, посыпав ее мелкой солью и залив растительным маслом.
- Увядшие овощи (зелень) можно освежить, окунув их сначала в горячую воду, а затем в холодную.
- Когда вы варите картошку в мундире, кожура иногда лопается. Чтобы этого не происходило, добавьте в воду несколько капель уксуса.
- Вымачивание в уксусе, квасе, кислом молоке, огуречном, капустном или свекольном рассоле – надежный способ сделать жесткое мясо мягким.
- Чтобы котлеты, рыба, мясо или блины не приставали к сковороде, нужно предварительно нагретую сковороду натереть сырым яичным белком.
- Чтобы сварить вкусную молочную кашу, надо помнить, что крупы из цельных зерен (рис, пшено, перловая каша) в молоке набухают и развариваются медленнее, чем в воде. Поэтому их лучше отварить в воде, а затем, добавив горячее молоко, довести до готовности.
- В открытой кастрюле при варке теряется до 20 процентов витаминов, а в закрытой – не больше 5 процентов.
- Чтобы получить из лимона побольше сока, перед тем, как выжать, положите его в горячую воду на 5 минут.
- Если начатый лимон стал засыхать, опустите его в холодную воду. Он не только сохранит свежесть, но и станет сочнее.
- Не выбрасывайте семена от сладкого перца при готовке. Собирайте их и высушивайте. Зимой их можно добавлять в пищу. Семена, кстати, содержат больше полезных веществ, чем сам перец, и придают блюдам чудный аромат. Так же можно поступать со всеми пряными семенами.
- Чтобы облегчить чистку яиц после варки, добавьте в воду во время варки немного соли.

# ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?

**ЧТО ТАКОЕ ВОК?** Это глубокая сковорода, имеющая очень маленькое дно. Родиной вока считается Китай. Представьте себе, что нижнюю часть котла срезали – это и будет вок. За счет маленькой площади контакта с огнем в месте контакта создается высокая температура, что позволяет готовить пищу очень быстро, сохраняя при этом максимальное количество витаминов и микроэлементов. И при постоянном помешивании пища успевает равномерно приготовиться буквально за несколько минут. Эта посуда позволяет не только обжаривать продукты на масле, но и готовить их во фритюре, тушить и варить на пару.



**КТО ПРИДУМАЛ ШПРИЦ?** Приборы, напоминающие шприц, создавались еще в XIII веке. Они изготавливались из бычьего мочевого пузыря, к которому присоединяли полый наконечник из дерева или меди. Для проведения процедуры пациенту делали надрез на мышце или вене и через рану вводили лекарство.

В 1647 году французский физик, математик и философ Блез Паскаль сделал два важнейших изобретения – гидравлический пресс и шприц. Но широко применяться шприц стал только в 1843 году, когда шотландский врач Александр Вуд впервые использовал шприц, мало отличавшийся от того, который придумал Паскаль. Одновременно с ним француз Шарль-Габриэль Правас выдвинул предположение о возможности введения лекарственных средств в организм при помощи сжатого воздуха. Продолжая исследования, Вуд и Правас в 1853 г. изобрели шприц и иглу для внутривенных и внутримышечных инъекций.



# ВАРИКОЗ:

## профилактика и лечение травами

***Варикозное расширение вен – заболевание периферических вен: их патологическое расширение, удлинение и деформация с образованием извилин и узлов. Возникает варикоз чаще на венах нижних конечностей вследствие врожденной слабости венозной стенки, потери эластичности вен и недостаточности клапанного аппарата.***

К сожалению, заболеваемость варикозной болезнью в России (да и во всех развитых странах) очень высока: до 40% людей среднего и пожилого возраста в той или иной степени страдают этим недугом. Особенно часто венозная недостаточность развивается у женщин после 50 лет с избыточным весом и у тех людей, которые ведут малоподвижный образ жизни, или чья работа связана с долгим стоянием на ногах (продавцы, парикмахеры и т. п.). Кроме того, свою лепту в развитие заболевания вносят индивидуальная врожденная патология соединительной ткани и клапанов вен, эндокринные нарушения, злоупотребление алкоголем и курением. Беременные женщины также подвержены риску развития варикозной болезни. В период беременности уровень гормонов в организме увеличивается, что вызывает ослабление соединительных тканей и уменьшение коллагена. Ослабленным тканям становится трудно справляться с большим объемом крови, который в период беременности увеличивается вдвое. В большинстве случаев после родов варикоз проходит. Патологический застой крови, в которой мало кислорода и питательных веществ, неизбежно ведет к деградации соединительной ткани в стенках мельчайших сосудов. Они становятся в буквальном смысле дырявыми, и часть жидкой фракции крови уходит в межклеточное пространство, появляются отеки. Это, в свою очередь, еще более нарушает кровообращение, клапаны сосудов начинают смыкаться еще хуже, резко расширяются поверхностные вены, образуя варикозные узлы.



К этому присоединяются усталость и боль в ногах, зябкость, зуд и пигментация кожи, которая окрашивается в нездоровый синюшно-серый цвет. В далеко зашедших случаях из-за нарушения питания кожи развиваются трофические язвы, которые очень плохо заживают. При замедлении кровотока в венах нарастает опасность тромбоза сосудов сгустками крови с развитием тромбофлебита (воспаления вен). Нередко варикоз на ногах сочетается с геморроем, когда расширяются вены прямой кишки.

## КАК КОНСКИЙ КАШТАН ПОМОГАЕТ ЧЕЛОВЕКУ...

Лечение варикозной болезни представляет собой сложную задачу. В начале заболевания обычно рекомендуют ношение специальных эластичных чулок или колготок, использование мазей с противовоспалительными и уменьшающими свертываемость крови веществами. При прогрессировании болезни в ряде случаев приходится прибегать к хирургическому удалению участков расширенных и недееспособных вен.

В то же время хороших и стойких терапевтических результатов при лечении венозной недостаточности можно добиться с помощью систематического применения фитотерапевтических средств. И препараты из каштана конского стоят тут на первом месте. Лекарственным сырьем из этого красивого дерева служат кора, листья, цветки и плоды. Кору заготавливают в начале сокодвижения с молодых веток, цветки – во время полного цветения, плоды собирают полностью вызревшие, осенью. Во всех частях каштана содержатся биологически активные вещества (тритерпеноиды, фенолы, флавоноиды), снижающие вязкость крови, уменьшающие проницаемость капилляров и увеличивающие тонус вен. Это свойство каштана было подмечено в народе давно, поэтому отвары и настойки из его сырья широко применяются в лечении варикозного расширения вен, геморроя, трофических язв.



# ПЛОДЫ КАШТАНА ПРОТИВ ПАТОЛОГИЙ

Наибольшее распространение получило лечение сосудистых патологий с помощью препаратов из плодов каштана конского. Водно-спиртовой и сухой экстракт из плодов каштана применяют в официальной медицине под торговым названием «Эскузан». Его назначают по 15–25 капель 3 раза в день при варикозном расширении вен, болях и тяжести в ногах, язвах голени, геморрое, угрозе инсульта, отеке мозга. Препараты каштана конского снижают риск послеоперационных тромбозов сосудов и тромбоэмболии, понижают артериальное давление, улучшают работу сердца и расширяют сосуды.

Однако препараты эти недешевы, поэтому для длительного лечения их вполне можно заменить самодельной настойкой. Для этого скорлупу отделяют от ядер, измельчают и настаивают на водке (200 г на 1 л) в темном теплом месте 2 недели, фильтруют и полученную красно-бурую настойку хранят в холодильнике, принимают по 30–35 капель 3 раза в день с ¼ стакана воды перед едой. Курсы по 3 недели, перерывы – 5–7 дней.

Для наружного применения – 1 часть плодов на 3 части водки. Настаивают так же. Применяют для натираний пораженных участков при варикозе, тромбофлебите, радикулите, ревматизме, отложении солей, воспалении мышц и суставов.

Не рекомендуется применение настойки внутрь при выраженной почечной и печеночной недостаточности, женщинам при беременности и грудном кормлении, а также при лечении антикоагулянтами.

## ЦЕЛЕБНАЯ НАСТОЙКА

Настойку сухих цветков каштана на водке (1 стакан сухого сырья – «столбиков» – на 1 л водки, настаивать в темном месте 2 недели) применяют:

- наружно как противовоспалительное и обезболивающее средство при болях в ногах, суставном ревматизме и артритах;
- внутрь по 30–40 капель 3 раза в день с 1/3 стакана воды при гипертонии, заболеваниях крови, геморрое, туберкулезе и мастопатии.



## ГОТОВИМ КАШТАНОВЫЙ СОК

***Можно приготовить сок из свежих цветков каштана, принимают его по 20–30 капель с четвертью стакана воды 2 раза в день за полчаса до еды при расширении вен, тромбозах и геморроидальных узлах. При таком лечении в течение всего времени цветения каштана наступает значительное облегчение, исчезают боли, рассасываются варикозные узлы, проходит геморрой. Кроме того, сок из цветков каштана оказывает хорошее лечебное действие при атеросклерозе, артритах, остеохондрозе и подагре.***

## КОМПЛЕКСНАЯ ФИТОТЕРАПИЯ

Применение препаратов каштана конского полезно сочетать с другими лекарственными растениями, оказывающими благоприятное воздействие на сосуды.

- В частности, кору **лещины** в виде горячего настоя пьют при расширении вен, тромбофлебитах и язвах голени. 1 ст. ложку измельченной коры настаивают 2 часа в стакане кипятка в термосе, выпивают дробно в течение дня.
- Траву **вербены лекарственной** в виде настоя пьют при тромбозе вен и атеросклерозе: 1 ст. ложку сухой травы настаивают 1 час в 300 мл кипятка, процеживают и пьют по 2 ст. ложки 3–4 раза в день до еды.
- Настой из травы или стручков **галеги лекарственной** (козлятника) принимают внутрь как средство, задерживающее свертывание крови и предотвращающее тромбоз. 1 ст. ложку сухого сырья (лучше семян) настаивают в 0,5 л кипятка 2 часа, процеживают. Пьют по ½ стакана 2–4 раза в день до еды.







## РЕКОМЕНДУЕМЫЕ СБОРЫ

Плоды каштана конского – 20 г, кора лещины и корневища горца птичьего (спорыша) – по 30 г, трава хвоща полевого – 40 г.

2 ст. ложки сбора настаивают 2 часа в термосе, процеживают и пьют длительное время по ½ стакана 3-4 раза в день до еды. Курсы по 3-4 недели, с перерывом на неделю.

Чередовать с таким сбором: трава вербены лекарственной и донника лекарственного – по 40 г, трава козлятника – 30 г, кора каштана конского и лещины – по 20 г. Готовят аналогично, применяют при тромбофлебите и атеросклерозе.

Для наружного применения: трава донника и корни окопника лекарственного – по 40 г, кора каштана конского и цветки ромашки лекарственной – по 30 г. 2–3 ст. ложки сбора настаивают 2 часа в 300 мл кипятка, и теплую массу нефильтрованного настоя используют в виде компрессов или примочек на воспаленные участки кожи и венозные узлы при тромбофлебитах. Процедуры выполняют перед сном, курсы по 2–3 недели, с перерывом на неделю.

# ЛЬВИНАЯ ДОЛЯ

*(Татская сказка)*

Шёл по лесу голодный лев, а навстречу ему брели волк и лиса. Увидев царя зверей, кинулись они наутёк, но лев остановил их и предложил:

– Хотите, пойдём на охоту вместе? Добычу разделим по справедливости.

Как было не согласиться!

Вышли они втроём на охоту. Поохотились. Добыча у них оказалась такая: сначала белка, потом заяц, а под конец олень.

– Ну что ж, волк, приступай к дележу, – приказал лев.

– Ты лев, – говорит волк, – ты наш повелитель. Тебе полагается первая добыча, я, уж так и быть, буду доволен последней, а лиса…

Рассвирепел лев, даже не дослушал волка, взмахом лапы свернул ему шею.

– Дели ты, лиса! – зарычал лев.

– О, царь зверей, о господин мой лев! – сказала лиса, поглядывая искоса на мёртвого волка. – Ты самый могучий из нас, тебе львиная доля. Зайца ты съешь утром, оленя – в обед, белку – на ужин. А мне, малому зверю, много ли нужно! Что оставишь, того и довольно!

Очень понравился льву такой делёж.

– Какая ты умница! – воскликнул он. – Откуда у тебя столько ума?

– Я умна, потому что иногда мне доставался кусочек от волчьего языка, – скромно ответила лиса.

С тех пор лев и лиса неразлучны. Он охотится, а она подбирает остатки.





# Гъизляр

Турк мацIалдаса таржама гьабуни, Гъизляр абураб рагIул магIна кколеб буго «багIараб парсил рагIал», – абураб. Пётр I Персиялде сапар гьабулаго 1722 соналдаго щун вукIана гьеб гIадамал чIараб бакIалде ва буюрана хъала баян. Амма къанунияб къагIидаялъ шагьар гIуцIараб заманлъун рикIкIуна генерал-аншефа В. Я. Левашовасул бетIерлъиялда гъоркь Гъизляралъул хъала бараб 1735 сон. XVIII гIасруялъул бащалъиялдаса нахъе, Туплисалдаса хадуб, Гъизляр лъугьана Кавказалда политикаялъул, культураялъул ва бича-хисиялъул кIвар бугеб бакIлъун. ГIадада гуро гьелда Дагъистаналъул Северияб рахъалъул тахшагьарин абизе лъугьараб. Кавказалъул рагьул заманалъги чанго нухалъ кIанцIана Гъизляралде тIаде. I785 соналдаса нахъе гьеб шагьаралъул букIараб кIвар гIодобе ккезе байбихьана, Кавказ губерниялъул тахшагьарлъун Екатериноград гьабиялда бан.

Байбихьудасаго Гъизляралдаги, сверухъги ракълилаб гIумру гьабулел рукIана терекалъул казакалги, армяналги, гуржиялги, лъарагIалги, черкесалги, чачаналги, хъазан татаралги, цогидал миллаталги. Амма XX-абилеб гIасруялъул ахиралда гьенир халкъазда гьоркьор лъугьарал хиса-басиял сабаблъун гIурусазул къадар дагьлъизе байбихьана.

XVIII-абилеб гIасруялдасаго нахъе чагъир гьабиги къазихIутIал гIезариги букIана Гъизляралъе жиндиего хасиятаб иш-пиша. 1807 соналъ шагьаралда рагьана Россиялдаго тIоцебесеб цIолбол ва чагъиралъул училище. 1885 соналъ Д. З. Сараджевасул заводалда байбихьана коньякал ричачазе – гьанжесеб цIар рагIараб Къизляралъул коньякалъул завод. Гъизляралъул коньякал, батIи-батIияб заманалъ, мустахIикълъана 400 медалил ва гIарцул медалазе, 40 Гран-приялъе, Франциялъул «Золотая пальма» призалъе, Америкаялъул Golden Galaxy премиялъе.

Гъизляралде щун рукIун руго гIемерал цIар рагIарал гIадамал: гIалимзаби Татищев ва Гмелин, бодул бетIер А. Суворов, хъвадарухъаби ва шагIирзаби А.А. Бестужев-Марлинский, М. Ю. Лермонтов, П. Катенин, Л. Н. Толстой, А. Дюма-эмен ва гьел гурел цогидалги.

Бицен буго, Червленный станциялда рещтIарав Дюмаца асир гьаюрай Ульяна, гьевгун рокъоса тIурун йиго Темир-хан-Щурае щвезегIанилан. Ульянал эменги вацалги Дюмада хадур гъун руго Дербенталда. Амма ясалъе бокьун букIун гьечIо инсул рокъое тIад юссине, живго Дюмалги гьира букIун гьечIо гьей йиччазе. Ахирги инсул тIадчIеялъ йиччан йиго. Къо-лъикI гьабулеб мехалъ хъвадарухъанас ясалъе бриллианталъул баргъич сайгъат гьабуниланги бицуна. Гьеб къокъаб рокьул хIасилалда Ульянаца, инсул хIурматалда Александрайин цIар лъурай, яс гьаюла. ГIанчIаб гIамалалъул Ульяна нахъойги чачанасда цадахъ тIурула рокъоса.

Гъизляралдаса бищун цIар рагIарав чи вукIана Пётр Иванович Багратион. Багратионазул мина-рукъ, кигIан рекIекълъизе ккараб хIужа бугониги, цIунун хутIун гьечIо, амма шагьаралда балагьизе бегьулел бакIал гIемерал руго: Свято-Георгиевский абулеб килиса, Жума-мажгит, Пётр I-се, Левашовасе, Багратионие, Пушкиние ва цогидазеги памятникал ва чанго музей. Бищун кIудияб музей буго Багратионил цIаралда. 1972 соналъ гьеб босана хIукуматалъул къаимлъиялде ва гьабуна Дагъистаналъул Тахо-Годил цIаралда бугеб музеялъул филиаллъун. I978 соналъ музей гочана берцинаб, некIсияб, I9I3 соналъ шагьаралъул Управаялъе бан букIараб минаялде. Музеялъул фондалда буго 17 азаргогIан экспонат. Аслиял залал руго Багратионил хIурматалда гьарурал, ва гьединго, бакIалъул гIадамазул рукIа-рахъиналъул ва культура яльул бицунел, щибго кIочене толарел залал руго гьенир.

Гьанжесеб тарихалъул Музеялъул филиалалда бугеб Казаказул культураялъул музеялда гьалбал жанире лъугьине бегьула хасаб, цогидазда релълъинчIеб дунялалде, тереказул казаказул рукIа-рахъиналъул, рукъзал ва килисаби ралеб къагIидаялъул ва ретIелхьиталъулгун лъай-хъвай гьабизе.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**

Фатима ГIабдулкъадировна Куцулова ккола 2013 соналдаса нахъе ДГУ-ялъул управлениялъул факультеталда хIалтIулей мугIалим. Гьей гьаюна Кубачиялда. ГIумру гьабулеб буго цохIо вугев васгун цадахъ. Фатимада росдал гIадат-гIамал лъикI лъала. Гьезул кьучIалда хъвараб «Къисмат» абураб хабарги хIакъикъиял лъугьа-бахъиназдасан гIуцIараб буго.



# Къисмат

НакIкIулъан речIчIун рачIарал бакъул чIораз къалъизабун букIана росдал басриябго минаялъул рагъи.

– ПатIимат, балагье гьава-бакъалъул гIажаиблъи, – ян ахIана яц Марьямица, – малаикзаби шайтIабигун къацандулеб хIисаб буго, киналдай бергьина!

– ГIантал жал рицунге, – ян абуна Нинаца, – бакъги накIкIги щиб гурин букIунеб! Жакъа нилъер берцинай ПатIиматил бертин буго!

– Унго–унгогиха, цIакъ берцинай жо йиго дой, балагье цо гьелъул беразухъ, рас бихьуларищ чилайдул кун гIадинаб, чIурканлъийин абуни...! Нужее гIадинаб черх дие кьечIо! – абун пашманлъана Марьян.

ПатIимат нечадго гьимана:

– ГIела, яцал. Марьян, ракIалде щвезабе, нилъер кIодоца щибин абулеб букIараб? АнцIила микьилъ киналго ясал берцинал рукIунилан гурищ?

– БукIанаха, – абун ельана Нина, – ракIалда буго, I8 сон кидалдай балаян ялагьун чIун йикIараб куц...

Рогьаралдасаго берцинаб махI бахьун букIана гьезул рокъосан: белъунеб, бежулеб... цо-цо ккун рачIун гьезул рукъ цIолеб букIана гьалбадерица. Ясазда ракIалда букIинчIо гьалбадерица жидер рукъ цIун букIараб заман.

– РачIун ругел щинал гьалбал! – абун йоххун йикIана гьитIинай Лейла.

– ГIемерал гьалбал, гьеб лъикI буго, – ян абуна тIаде вачIарав инсуца.

ХIажи вукIана росулъ жиндир къадру-къимат бугев чи. Гьес яс росасе кьолей йикIана ва бокьун букIана кинабго, гIадаталда рекъон, берцинго ине – аваданаб, лъабго къоялъ гьабулеб бертинги букIине, бахIаралъе лъикIаб ва бечедаб къайиги, месед-гIарацги, цIа-рагIги, халичабиги, парчаялги кьезе. Гьеб кинабго Ираналдаса ва Турциялдаса бачIун букIана жинцаго.

«Пайда щиб, дир Манабада рихьулел гьечIелъул, жиндирго гьал гьайбатал ясал», – ян пашманго пикрабалъ вукIана ХIажи. Жеги гIисинго ясал рукIаго, бадиса канлъиги ун хутIана ХIажил лъади.

Гьазул хъизаналъ гIумру гьабулеб букIана Дербенталда, риидалин абуни, киналго кубачиялъулалго гIадин, гьелги рачIунаан гIагараб росулъе. ХIажие кутакалда хирияй йикIана лъади. ГIадамал хIайранлъун рукIунаан гьес гьелъул гьабулеб адаб–хъатир бихьидал. Берцинго ретIа-къарай гьелъул кверги ккун, кIудияб чIухIигун, вахъунаан Дербенталъул парказда ва базаразда сверизеги.

– Машааллагь, берцинлъи гьасул! Гьадинав берцинав росги, канлъи гьечIей беццай лъадиги, – ян нахъасан шуршудулел гIадамалги камуляроан. Амма, ХIажида ракIалде кколаан: «Вай, гьаз бицунеб щиб, дир Манабадаса берцинайги гIакъилайги щийго гьечIейха», – йилан.

Гьесул пикру гьоркьоб къотIизабуна бахъараб зурма–къолол гьаракьалъ.

– ПатIимат, ясазда дандчIвай гьабе! – абун ахIана ункъгIал ГIайшатица ва ясал журана бахIаралда къвалал разе, къочизе.

Зайнабица бахIаралда щибалиго шурана, амма, столалда нахъа ясазе бакIал гьарулейги йикIун, ГIайшатида Зайнабица абулеб жо бичIчIичIо. Дагьалъги чIун Зайнаб нахъеги къулана бахIаралъул гIинде ва гьаругьинан абуна:

– Вай, ПатIимат, дур вугев лъикIавги берцинавги бахIарав, дуда гьесул эмен вихьанищ? Дов тIуванго хъахIавин вугев, расги, кьунсрулги ва бералги руго шайтIаналъул гIадинал, гвангъарал, багIаркьерал. Гьесда рельълъарал лъимал гьаруни, щибдай дуца гьабила?! – ян.

ПатIиматил гьурмада пашманлъи загьирлъана:

– Кин гьесда рельълъарал лъимал? – абун гьикъана гьелъ йихха-хочун.

– Унго-унгогиха, – ян абуна Зайнабица, – дида ракIчIун лъала, лъималазул лъимал гьединал лъугьунеблъи.

– Щиб дуе ккараб?

– Щиб лъугьараб? Мун лъикI гьечIогойищ? – ян гьикъана Нинаца, яц кьер тIун лъугьунейги йихьун.

– Гуро, гуро, кинабго лъикI буго, – абун жаваб гьабуна ПатIиматица, ботIролъин абуни гьалдолеб букIана Зайнабица бицараб хабар: «Гьединалго лъимал..»

Гьей макьилъго гIадин йикIана росдал гIолилал рогьинегIан кьурдизе майданалде рахьараб мехалъги. Жийгоги гьеб къапилаялъ йосун щванин доеги рокъоегиян ккана. Гьанже гьей йикIана рагъидаги эхетун, гьанжего гьанже баккулеб бакъул чIорахъ ялагьун. Байбихьулеб букIана бертадул кIиабилеб къо, гьелда хадур рачIине кколаан бахIарасул гIагарлъи ва гьей ячун ине кколаан бахIарасухъе.

«Гьа, хадуб щиб, щиб букIине бегьулеб? Дица гьеб хIехьеларо, хадуб букIине бугеб! Бажаризе гьечIо дихъан гьеб хIехьон, гьединал лъимал!! – ян пикрабалъ йикIана ПатIимат. МагIу ххулун букIана бадиб, ракI къварилъун букIана, ахIдезе бокьун букIана:

Йохъ, йохъ, дихъа бажаруларо, дие гьадинаб бертин бокьун гьечIо, дун хIинкъун йиго лъугьине бегьулелдаса! Дида ракIалдего кколароан кIудадал гIузру лъималазе ирсалъе щвелилан, Мурад гьесда релълъарав гьечIелъулха, ботIрол карги, кьенсер-берги бецIаб сордогIанги чIегIерал руго. Вай, дун йикIун йигей гIадалай!

Рокъосан рагIана эбелалъул гьаракь:

– Дир яс, хирияй, ега цо сагIаталъгIаги.

– Унго-унгоги кьижизе ккела дагьалъ, – абун рокъое жание лъугьана ПатIимат.

Макьилъ бихьана гьелда роол завалалда хъахIаб гIазуги бан бахчараб сверухълъи. Гьелъул гвангъиялъ берал къанц-къанщизе гьарулел рукIана ва кверал квачазе лъугьана хасалил цIороялъ...

ХIинкъун макьидаса йорчIарай гьалъ хIукму гьабуна, лъиданиги кIоларо жий Мурадие кьезеги, кидаго рукIунаро дир гьединал лъималгийилан.

– Амма, кинха гьеб эбел-инсуда абилеб, бертадул цо къоги борчIун буго! – ян жийго жиндаго гаргадилей йикIана ПатIимат.

Гьалбадерие рорчIамиги кьун, магIил цIурал бералгун, гьей эбелалъухъе жание лъугьана ва гьелъие бицана Зайнабица щурараб хIинкъараб хабар, бихьараб макьу ва жинда гьеб хIакъикъаталдаги лъугьине бегьулеблъун ккеялъул.

Гьелъул гIодиги рагIун тIаде вачIана эмен. ХIажи гьелъухъ рагIи абичIого гIенеккана ва лъикIго ургьана: «Щибдайха гьабилеб? Унго-унгоги гьединал лъимал лъугьани? Лъалеб бугелъулха гьедин букIине бегьулеблъиги, квешал пикраби рачахъаниги! – абун жиндаго ццим бахъун вукIана ХIажи. – Гьанже щиб гьабилеб, кин хвезабилеб бертин, нечараб иш ккелагури бахIарасул хъизаналъеги!» – ян абурал пикраби гьалдана гьесул ботIролъ. Гьеса лъалеб букIана хадуб жиндие букIине бугеб захIмалъиги, амма разилъи гьечIого яс росасе кьезеги бажарулеб букIинчIо.

ПатIиматидайин абуни гьеб параялъ ккола букIана абадиялъ сихIкъотIун чIчIун вугин эменилан. Гьей тIуркIизаюна гьесул гьаркьица:

– ГьабсагIаталъ МустIапа витIила дозухъе бертин букIунарилан лъазабизе!. – Мун гIодуге, дир берцинай, гIодуге...– ян ракI-макI гьабуна инсуца ясалъе.

Амма ПатIиматил вац МустIапаца инкар гьабуна бахIарасухъе ине.

– Щиб дица дозда абилеб? Дуца нилъер хъизан суризабулеб щай, ПатIимат? – абун ахIдана гьев.

Гьеб дагIба-рагIиялда рукIаго рокъосезда бихьичIо къо бачIун букIинги, гIадаталда рекъон, рагьдухъ рещтIун, бахIаралъе кьолеб гьамасги, къайи босизе рачIарал бахIарасул гIагарлъи букIинги. ПатIимат тIадеги яхъун нахъарокъое ана ва жанисан щулаго рахана. ГIодилаго гьитIинай Лейла кIетIезе лъугьиндал, гьелда ккана цо-кIиго сагIат ун батилин.

– Рагье, ПатIимат, дол ана!

* * *

Гьелдаса гIемераб заман ана, росулъ Мурадилги ПатIиматилги ккаралъул бицен лъугIун букIана, амма росасе инчIей бахIарай, ПатIимат нечолей йикIана къватIие яхъине.

– КигIан мехалъ мун жаний чIун, дуцаго дудаго кIалал гьикъулей йикIине йигей? – абун гьелде ягъулаан Нина. – Йилъа къватIие, майданалде рахъина, гьениб тIегь бан буго, тIабигIат цIилъун буго, цIияб гьаваялда тира-сверила! Ахирги ПатIимат разилъана. Гьелъ тIадчIвана гIисинал тIугьдуз угьараб кIазги, ретIана берцинаб гордеги ва яцалгун тира-сверизе яхъана.



ПатIиматида ракIалде щвана доб лъугьинчIеб бертадул къоялдаса нахъе жиндир гьимизе, елъизе гьира букIинчIеблъиги ва жакъа рекIел хIал лъикIлъун, лъимер гIадин екерахъдизе бокьун букIинги. ТIогьолал махIаз сверизабулеб букIана бетIер ва гьеб лахIзаталъ гьелда вихьана тIаде вачIунев гIолилав. Гьезул гъуждул цоцазда тункана ва гьелъ ццидалго гьесда бер речIчIизабуна. Гьелъухъ валагьун вугоан бихьинчи. Гьев вихьигун ПатIиматил ццин свана ва жийгоги тамашалъана. Дагьалъ хутIана гьикъизе:

– Мун щив? – илан.

Жиндирго рекIел хIалалдаса нечон гьей яцазда нахъе кIанцIана. Гьезиейин абуни кеп щвана:

– Гьев вуго ГIабдулла, – лъикIав ва лебалав вас, амма бицанихъе, мискинлъиялъ рес рекъолеб гьечIо лъади ячине!

Кьижизе индалги ПатIиматида кколеб букIана дов лъаларев чи жиндихъ валагьун вугилан.

– ГIабдулла, – ян борчIана гьелъухъа, хIалицаго гIадин.

– Берцинлъи щиб цIаралъул, чалухлъи гьесул беразул.

Радал кванан хадуса гьей ана эбелалде аскIое ва кверааздаги къочун гьикъана:

– Баба, щиб жо кколеб рокьи? – Кинаб жо гьеб букIунеб?

– Щиб, дур лъихьниги рокьийищ ккараб? – абун гIажаиблъун гьикъана эбелалъ. – Канлъукълъиялъ гьелда рихьичIо нечеялъ багIарлъарал ясалъул гIанаби.

– Гуро, дуца бицунеб щиб, гьадинго гьикъулеб букIана, – ян тIаса ккезабуна ПатIиматица.

– Дур канлъи бугелъулха, дир яс, хал гьабе эмен дихь кин валагьулевали, гьеле гьеб жо буго рокьи, – ян хIеренго абуна эбелалъ.

Эбелалъулгун гьеб хабар ккаралдаса, тIубараб моцIалъ, щибаб къоялъго гIадин, гьелда ГIабдулла жиндирго горда гъоркь вихьулев вукIана. Гьев гьелъул гордухъ валагьун вукIунаан, ПатIиматин абуни гордаригъазда нахъа яхчулей йикIана гьесда бер чIварабго. Гьелда гьев рогьинегIан гьенив вукIунев ватилин кколаан, амма канлъи сварабго ГIабдулла кубачиялъул бецIлъукье тIерхьунаан...

Цо къоялъ ясал рорчIизаруна, тохлъукьего рокъосан рагIараб гаргаралъ. ГIин байдал гьезда бичIчIана, лъаларев чиясул гьаракь букIин. Гьев вукIана ГIабдуллал имгIал. Гьел эменгун гара–чIварулел ругоан ва, бичIчIулеб букIана, гьев ПатIимат гьарун вачIун вукIин...

Йохарай ПатIиматида кколеб букIана гьеб бакIалда ракI кьватIизе батилин ва бокьун букIана гьезда аскIоеги ун ахIи базе: – Дун разияй йиго гьесие ячIине, разияй йиго! – ян. Амма эменги вачIун жинда гьикъизегIан гIенеккун чIана. Гьев вачIана ва тамахго кIалъана:

– ПатIимат, дуда лъалищ Маммаев ГIабдулла? – Гьесул имгIал вуго мун ГIабдуллае абизе вачIун...

– Лъала ва лъаларо, – ян абуна ПатIиматица, – амма дун разияй йиго, дада! Яцаз цо кIалалъ гIадин гьикъана:

– Гьевищ дов гьанив гордукь вукIунев гIолилав?

ПатIимат унго-унгоги разияй йикIана. Цо нухалда гурони гIагардаса вихьичIониги гьелда лъан букIана щиб жо рокьияли...

Къаси гьалмагъалда баркизе ячIана Зайнаб. Цин гьей жание йиччаларилан вукIарав эменги гIенеккун чIчIана, гIолилалъул ракI хвезабиларилан. Ясаз хал гьабуна бахIаралъул баргъичазул.

– Вай, берцинлъи! – илан хIайранлъун рукIана гьел. ЦохIо Зайнабица абуна:

– Балагье, гьес бугебщинаб гIарац кьун батула гьазухъ, дида лъалелъулха бахIаралъе кьезе месед гьесул гьечIеблъи!

Гьеб хабар рагIарай ПатIиматил ункъгIалалъ рахIат хун гьикъана:

– Щай гьечIеб, гьедигIанго мискинав чийищха гьов? Лъие мун унеей йигей ПатIимат?!

– Гьел руго гьересиял харбал, – ян къотIизабуна калам бахIаралъ, – бихьила кинал сайгъатал гьес дие рачIунелали!

Цо сордоялъ яцал Нинада ва Марьямида бихьана ПатIиматица эмен нахъарокъове вачун унев ва гьез гьениб нахъаса нуцIа рахалеб. «Кинаб балъголъидай?» – абун ургъана Нина, амма гьезул хабаралде гьоркьое лъугьичIо.

Къаси вачIана ГIабдулла ва ПатIиматие тIоцебесеб нухалда рес ккана гьев нуцIихъе щвезегIан регIизе...

ТIаде щвана бертадул къоги. РачIана гьалбалги бахIаралъе сайгъаталги. Байбихьана зурма-къали. ГIадаталда рекъон рокъобе босана пиринчIалъул цIураб, кIудияб, хъазмил хьаг. Гьениб жаниб бахчараб месед – гIарац бухьараб жо балагьизе кколаан бахIаралъул рахъалдаса бищун кIудияв чияс. Руччабаз, гьединго бахIаралъул гьалмагъзабаз сверун ккуна херав ГIали. Гьезда гьоркьой йикIана, тIад елъизе къваригIарай Зайнабги. ГIалицайин абуни гьенисан къватIибе бахьун бачIана месед тIад бухьараб угьараб квербацIцI ва киназдаго бихьизабуна гьеб. Гьенир рукIана хирияй баргъичалги, рахсалги, кIилкIалги цоги-цогидал жалги.

Нина хIикмалъун инсухъ ялагьана, гьелда лъана гьел, инсуца рикIкIадал улкабаздаса росун рачIарал, жидер рокъоса тIагIелал рукIин. Эмен, щибго лъугьинчIеб гIадин, довегIан чIчIун вукIана. Нинада бичIчIана ПатIиматица гьел балъгого ГIабдуллахъе кьун рукIин.

* * *

*Гьаб хабар ургъун бахъараб гуро. Сонал гIемерал сверана, ГIабдуллаги ПатIиматги цадахъ руго. Гьезие гьаруна щуго лъимал. Гьезулги гIуна анцIила щугоял. Рагъул соназда ГIабдулла хIалтIулев вукIана Каспийскиялъул рагъулаб къайи гьабулеб заводалда, гьесие щвана ЗахIматалъул рецц абураб орден.*

*Дида ракIалда буго, ПатIимат-кIодоца махсаро гьабулаан гьединабго орден жиндиеги кьезе кколаанила, жийги моцIаз гьесухъ ялагьун рокъой йикIунаанила ва мазуталдаса гьесул ретIелги чурун бацIцIад гьабулаанила...*

*Мурадицаги чанго соналдасан ячана лъади. Амма гьесие ине анищазда йикIарай Зайнаб гуро. Гьезие гьаюна цохIо яс, сордогIан чIегIерал бералги расги бугей...*

# ДАГЪИСТАН – ДИР РЕКIЕЛ ВАТIАН



Унеб букIана 94-абилеб сон... Цо хIукумат биххана, цогияб захIматго цIилъулеб букIана, аскIоса гIебеде рагъалги рукIана... Кагътил рукъ гIадин, щущан ана, берцинго гIуцIцIараб, гIодобе биччараб гIумру. Бищунго хIинкъи букIана васасул васасда хадуб – кин гьев вукIине вугев азбаралда, школалда? ТIубураб гIумруялъ лъицаниги ракIалде щвезабичIо щиб миллаталъул, щиб диналъул мун вугевали, азбарго букIана цо хъизан гIадин, лъимал гIолел рукIана вац-яцал гIадин... РахIат хварал харбал рукIана, борхьал гIадин, шуршудулел – цо пуланаб гIурусазул хъизан Нефтяниказул городокалдаса нахъе гъунила, ччугIихъабазул поселокалда цоги хъизаналда кепкил багьаялде мина бичизабунилан... БакIал пикрабигун, къайи бакIарулей, цIа-рагI нахъе лъолей, рукъалъул библиотекаялъул басриял тIахьал сокIкIуней йикIана Виктория Васильевна Зеленская...

Гьей гьаюна Краснодаралъул Апшерон станицаялда. Эмен, Василий Хрисанфович вукIана росдал магIишаталъул наркоматалъул тIорщалил жавабчи. Гьев рокъов нагагьги вихьулароан, заман букIана хIалуцараб, хIукуматалъул цIияб экономикаялъе къваригIун букIана пачалихъалъего гIураб тIорщалил нахърател.

Лъабайго ясалъе тарбия эбел Евдокия Власовналъ кьолеб букIана. Гьелъ куцалаан магIишат нухда бачине, гьабулаан цIалулъ кумек, малъулаан квен гьабизе, рукъаризе. КъанагIат рукIунел тарбия кьеялъул гара-чIвариязда инсуца согIаб рагIи абулароан ясазда. АскIор гIодорги чIезарун бицунаан жиндирго захIматаб лъимерлъиялъул, цIализе букIараб анищалъул, киналго вацал-яцазда гьоркьоб букIараб цохIо тIаждал ва валенкабазул, эбелгун инсуца хурзабахъ гьабулеб букIараб захIматаб хIалтIул, ва ханас тIад лъураб магъало кьун хадуб, ракьун хвечIого рукIине, хутIулеб букIараб тIорщалил. КIваркьун гIенеккарал ясазе божизе захIмат букIана гьединаб гIумру букIиналда – гьезул букIана эбел-инсул рокьуца ва тIалабалъ берцин гьабураб киналго лъималазул гIадаб гIумру. Кинха гьезда вичIчIизе вукIарав батIияб дунялалда гIурав эмен! Викал эбелалъ тIубараб станицаялъулго руччабазе рукъулаан гурдал ва юбкаби, ясалги кидаго къачIа-кIатIан рукIунаан.

ТалихIаб гIумру гIемераб мехалъ халалъичIо – байбихьана рагъ. ТIоцересел къоязго эмен ана рагъде, лъималазул тIолабго тIалаб эбелалъул гъуждузде бортана.

Щвара-щваралда рекIун, юк баччулел машинабазда, лъималгун цадахъ, щвана гIагарлъи бугеб Краснодар мухъалъул Николенково станицаялде.

Эбел хIалтIизе лъугьана ясли-ахалде, ясал цIалулел рукIана школалда. Рагъул 4 сонил захIматал къоял Виктория Васильевналда риччалъ гIадин ракIалда руго – лъимал ракъичIого рукIине, сардал рорчIун машинаялда юкъарулей, инсул лъабокIонаб кагътихъ ялагьун свакарай, эбел.

Бергьенлъи босараб къоги ракIалда буго гьелда сон букIараб гIадин – унго-унгояб рохел! ТIокIаб гьечIо рагъ, кватIичIого вуссина дада!

Эмен рагъдаса кватIичIого вуссана, амма командировкабазде колхозазде ва совхозазде ине ккана. КIудияб улка кваназабизе, бергьенлъи босараб халкъ цебехун ине, биххараб магIишат цIигьабизе кколеб букIана. Эмен вачIун хадуб ниж Ростов областалъул Мичутинск абураб станияцаялде гочана..

Викае цIакъ бокьана школалда баскетболалъул кружок, гьелъ гьира базабуна лъикI цIализеги: лъабил къимат дневникалда батани инсуца йичалей йикIинчIо тренировкабазде. Киналго яцал лъикI цIалулел рукIана. КIудияй Мира Ростовалда бугеб пединститутал-де цIализе ана. КIиго соналдасан I953 соналъ Ростовалъул финансово-экономикияб институталде лъугьана Викаги. ЦIализе захIмат букIинчIо, цадахъго хьвадулаан институталъул командагун баскетболалъул къецаздеги.

Виктория Васильевналда ракIалда буго институталъул радиокружокалда данделъулел рукIарал лахIзатал, берцинал суратал. Гьенир данделъун хIадурулаан цIиял харбал. Викаца жинцаго хъвалан сценарий, жинцаго цIалулаан. ТIолабго институталда киса-кибего рагIулаан студенткаялъул цIурмилаб гьаракь: «Студентазул театралъул къокъа электромеханикияб заводалъул хIалтIухъабазда цебе бахъана; 4-абилеб курсалъул студент Скоробогатов Ильял цIех-рехалъулаб хIалтIи тIолгосоюзалъул студентазда гьоркьоб бергьана; деканаталда риидал стройотрядазде унезул сияхI гIуцIулеб буго». Гьеб букIана гIумруялъул берцинаб гIуж, лъугьа-бахъинал гIемераб, цIияб лъай ва ресал щолеб.



Дагъистаналде Вика тIоцее щвана I955 соналъ. ЦIалун лъугIидал яц Мира йитIана мугIрузул улкаялде хIалтIизе. Риидалил каникулал рукIун, яцалда цадахъ ячIана Викаги. ГьабсагIатги ракIалда буго доб асар – бацIцIадаб гIурччинаб шагьар, ракI гIатIидал гIадамал,.. Хинаб кIвахIалаб ралъад... Гьел ккун рукIана, сундего кумек гьабизе гIедерал, лъикIал гIадамал ругеб, хIикматаб улкаялде.

Мира йитIана Болъихъ мухъалъул АнсалтIе хIалтIизе. Гьел рахъине ккана рикIкIадаб сапаралъ. Хадубккунги, Дагъистаналда гIумру гьабулаго, Виктория Васильевна щвана гIемераб бакIалде, амма тIоцебесеб АнсалтIе сапар хутIана кIочонареблъун. Ясазул рекIелъ абадиялъ хутIана рорхатал мугIрузул, бицун божулареб, берцинлъи.

МугIрул иццазул цIорой, байдабазда гIурччинхер, рохуца холаго цIияй мугIалим къабул гьаюрал цIакъал гIадамал. Вика асир гьаюна тIабигIаталъ, гIадамаз, гьелъ гьираялда бицунаан цадахъ цIалулезда ва гьалмагъзабазда Дагъистаналъул!

Ана заман. ЛъугIана Викал цIали. Гьейги йитIана Дагъистаналъул статуправлениялда экономистлъун хIалтIизе. КIиго моцIидаса гьей ахIана Дагвинтресталде хIалтIизе. Гьениб кумекалъе жигараб коллектив бихьидал, разилъана. Дагвинтресталъул кIалгIа букIана Буйнакскиясул къотIноб ва къадекванил заманалда ясалгун тира-сверизе ине бокьулаан Викае.

Цо гIолохъанчи вукIунаан сверун лъугьун, хьитазул гьикъун, сумкаялъул гьикъун. Лъай-хъвай ккана, кабинеталда дандбитIун бугеб киназдаго лъалеб кIкIамури бугеб анлъабилеб минаялдаса ватана. Гьесда цIар букIана Владимир. Одесаялъул политех институтги лъугIун Каспийскалъул ТЭЦалда инженер-энергетиклъун хIалтIулев вукIана гьев. Лъай-хъвай ккаралдаса бижана кIудияб рокьи, чанго моцIалдасан гьабуна ригьин. Бертин букIана гIемер чи ахIичIеб, амма аваданаб; Викал эбел-эмен, Володял гIагарал чагIи... Якьад, Людмила Степановна Зеленская, ясли-ахалъул нухмалъулей, согIай

йигониги, ритIухъай ва сахаватай чIужу йикIана. Бертин гьабуна октябралда. Гьеб заманалда МахIачхъалаялда хасалихълъи ва хасел букIана квачараб ва Виктория Васильевналда ракIалде щола якьадалъ: «дир нус бищунго берцинай йикIине ккола», – ян жиндиего босараб цIияб пальто, костюмал, гурдал, лъалел-хъвалезухъа ралагьарал хьитал, сапожкаби. Викал цIияб хъизаналда лъикIаб гIумру букIана.

Нухмалъулездаги бихьана Викал бажари. Жавабчилъи цIикIкIарал тIадкъаял кьун, гIемер хIалтIизе ккола гьей. Росасул кумекги букIунаан кидаго. ТIахьал цIалун, кружоказде рачун, тIагIамал квенал гьарун, васасул лъимал якьадалъги гогьдаризарулаан.

Зеленскиязул хъизаналда рукIана лъикIал гIадатал – Володяца I-себ школа лъугIана, амма классцоязулгун гьудуллъи тIезе течIо. Гьалмагъзаби хъизан-лъималгун данделъулаан байрамкъояз, цадахъ унаан ччугIа ккезе, тIабигIаталде, лъималазе тарбия дандбан кьолаан.

Росги якьадги, цадахъго гIадин, къокъаб заманалда жанир камуна Виктория Васильевналъе. Гъудулзабазул ва мадугьалзабазул кумек гуребани, гьеб къварилъи хIехьезего кIвелароан. Гьел рукIана кидаго гIиссинал лъималгун хутIарай Викал хьолбохъ... Кинха гьеб кIоченеб?

Виктория Васильевна гIемерай хIалтIулаан. Лъаралда гIей гьабун чIечIого, Москваялде чагъир гьабиялъул курсазде цIализе ана, лъабго соналъ «Манаскентский» совхозалда хIалтIана. Кидаго цадахъ рукIана гIажаибго лъикIал гIадамал! Вацасулаб бербалагьигун ва кIваргун гьабулаан киназго гьелъул тIалаб.




Чанго соналъ хIалтIана МахIачхъалаялда бугеб чагъир гьабулеб заводалда нухмалъулейлъун. Гьениб букIана гIадлу гьечIеб, хIалтIуда гьекъолдулеб коллектив. Виктория Васильевналъ бачIинахъего лъазабуна гьедин данде кколареблъи ва нахъе рехизе рукIин. ХIалтIухъаби божана, низам хисана, хIалтIудаса хадур гьелъул минаялда цереги рачIун: «Директорша, нижер хIалтIи лъугIана, кинабго лъикI ккана!» - ян ахIулаан. ТIолабго минаялда лъалаан гьелъул хIалтIухъабаз хъулухъ бацIцIад гьабураблъи.

***

*...Республикаялдаса гочараз: «Викочка, вореха мунги киего гочине гурин, гьенир гIадал гIадамал кирго гьечIо, нилъ лъиего чиярал ратана», – ян бачIунаан чарахун ахIун.*

ЦIидасанги ракIалде щвана мадугьаллъи – киналго цоцазда лъалел ва ахIвал-хIал лъалел! Виктория Васильевналъ мадугьалихъ бертин гьабунщинал бахIаразда баркулаан, чан яс росасе кьурай, чан васасе ячараяли рикIкIен лъаларо. РакI-ракIалъ рокьула гьелъие гьал гIадамал, кин гIумру гьабизе бугеб гьаздаса рикIкIад...

ГIемерай ургъана Виктория Зеленская, сапаралде хIадурарал коробкабазухъги ялагьун: «Чанги лъикIлъи гьабуна дие Дагъистаналъ, кьуна дие рокьи, гьабуна тIалаб, дунила абуни тIурулей йиго, цIукIа гIадин! Киназдаго бихьараб дидаги бихьила! Инаро киего!» Ва сапаралде хIадуранщинаб къватIибе бахъизе жуяна.

***...Гьаб жакъаги йиго, добго 57-абилеб соналъ Володя Зеленскияс ячараб, жиндирго кIиго лъимерги, лъабго хIасратго рокьулел лъималазул лъималги гьарураб квартираялда. Цониги нухалъ ракI бухIичIо гьанийго чIеялдаса! Лъималаз ва лъималазул лъималаз ахIун киехун аниги, цо чанго къоялдасан чIалгIунаан рукъалъухъ, жиндирго МахIачхъалаялда, Буйнакскиясул къотIноб, кIкIамури бугеб 6-леб минаялъухъ, РекIел ВатIан – Дагъистаналъухъ...***

**Сулгият БУЛГАЕВА**

Гвангъарал ва берцинал релъеназ, жал тIабигIаталдаса росаралгIанги гьайбатал кьераз, халичаялда бессараб накъищалъ хIайран гьабичIого хутIуларо инсанасул ракI. Гьелда лъураб щибаб хIуччалъул буго хасаб магIна. Халичаялъухъ балагьидал, нилъ рачуна гIасрабаз цIунараб некIсияб накъищалъул хIайранаб асаралъукье.



# Дир ракIалъул халича...

Мильянат ТIагьирова – халичабазул устар, гьей кколаро цебе лъураб хIадурараб сураталда рекъон халичаби рессулейлъун, гьелъул буго жиндирго накъищги, гьелде кIудияб рокьиги. Мильянатица абулеб буго, гьира гьечIого бессараб халича – гьеб халича кколарила, гьелде рокьигун хIалтIани, тIубараб гIумруги гьелда жаниб лъун бажарулилан.

– Дун гьаюна Табасаран районалъул Джулли росулъ, – абун бицана гьелъ. Гьеб буго хъвадарухъабазул, шагIирзабазул, щагIихъабазул ва батIи–батIиял устарзабазул росу. Эмен Муслим Къурбанов вукIана географиялъул мугIалим ва сверухъ цIар рагIарав шагIирги. Гьесул рагIабазда ахIулел кучIдулги гIемерал руго. Гьединго нижелъги бижизабуна шигIрабазде, ВатIаналде, росуракьалде кIудияб рокьи. Дарсалги инсул рукIунаан рекIелъе лъугьунел, гIенеккизе тIамулел, гьира базабулеллъун. Географиялдалъунги загьирлъизабулаан гьес нижелъ ВатIаналде рокьи. ГIемерисел дарсалги цIалдахъабазе кьолел рукIунаан тIабигIаталде, сверухълъиялде гьарулел сапаралгун.

– Нижер хъизаналда гIолеб букIана микьго лъимер, дун гьезда гьоркьой бищун кIудияй йикIана. Халича бессизе лъаларев чи табасараназул росабалъ ва рокъов вукIунароан, гьеб букIана киназего гIадатияб ишги. Жиде-жидер рукIана халичабазда лъолел накъищал. Республикаялда гуребги, гьаб бахун къватIибги цIар ун букIана табасараназул халичаби рессулел устарзабазул. Гьединго дунялалъулго къватIисел чIахIиял улкабаздасанги рукIунаан гIемерал заказал.

– ЛъикIаб заман букIана, – абун угьун хIухьел биччана гьелъ, – гьанже фабрикал руго жалго бетIергьанал, хасал чагIазул, дагьлъана гьел гьариги, къватIиса рачIунел халичаби гIемерлъиялъ. Дир лъималаз, гьел руго дир анлъгоял, цонигияз кьечIо гьелде кIвар, гьанже гьелдаса пайда гьечIолъи хIужжаялъеги босун.

Амма жийго Мильянатица умумузул пиша гIодоб тун гьечIо. Избербашалъул педучилищеялъул художествиябгун–графическияб отделениеги лъугIизабун, гьей чанго соналъ хIалтIана школалда сурат бахьиялъул ва черчениялъул мугIалимлъун.

– Пионервожатийлъунги йикIана, бокьулаан лъималгун хIалтIизе, – абун ракIалде щвезабуна гьелъ. – Хадуй росасе ана, цоцазда хадур анлъгоял лъимал гьаруна ва рокъоб станокги лъун халичаби рессизе байбихьана, мискинаб букIана бетIербахъиги. Аслияб къагIидаялда доб букIана халичабазда суратал гьари. Гьеб мехалда байихьана дица гIадамал цадахъго рахъизеги. Гьебин абуни бигьаяб иш батичIо, амма дие кумекалъе батана училищеялда щвараб лъай.

Гьелъул «Дербенталъул кIалгIа» абураб художествияб пано рикIкIине бегьула къанагIатаб, цIакъго къиматаб, бищунго кIвар бугел музеязда цIунизе мустахIикъаблъун. ХIикмалъизе бачIуна художницаялъ гьениб, киналго графикаялъулал композициялги цIунун, доб историялъул заманаялда КIудияб Чилайдул нухалъул букIараб ахIвал-хIалги, некIсияб Дербент бахъизе рачIунел рукIарал гIемерал гIадамалги цере чIезаруледухъ гьабураб суратальухъ ралагьидал. Гьенир ругел образал унго–унгоги гIумруялдаса росарал ругилан ккола ва Мильянат ТIагьирова рикIкIине бегьула гьунар тIокIай художниклъун. Гьелъухъа бажарун буго доб рагъулаб ахIвал–хIалги, цIадуца ва хвалчаца ракьал рахъулел рагъухъабиги – хъамалчагIигицин цере чIоледухъ сурат лъугьинабизе.

– Унго-унгоги гьадинаб берцинлъи гIицIго къеда букIине бегьула, – ян абуна дица, суратазухъги ялагьун. Мильянатил хIалтIаби руго унго–унгоял брендаллъун. Гьелъги бицана жий гIемерай хIалтIизе кколила, гьединаб берцинлъи лъугьинаби бигьаяб иш гурилан. Дица гьелда гьикъана кинал релъенал хIалтIизаризе рокьулел абун.

– ТIабигIиял релъеназдаса лъикIал релъенал кирниги гьечIо, – ян абуна гьелъги, гьездалъун цIунизе кIола сверухъ бугеб тIабигIаталъул гIадатияб кьерги, берцинлъиги, бечелъиги.

Цехалда Мильянатида цадахъ хIалтIулей йиго чанго чIужугIадан ва гьезул щиялъул буго жиде-жидер къагIида. ЦохIого суратги гьез батIабатIайиса бахьула ва щибалъулъ буго хасаб берцинлъиги.

– ХIалтIи гIемераб иш бихьула, – ян абуна дица, гьезул квераз бигьаго ва хехго тIамулел кIичIазухъги,



гьениб лъугьунеб сураталъухъги ялагьун. Кьер гьабун бахъиндал, бакIаб гьаркьица бухун къазабула гьеб, рагIалал кIуркьмаххалъ кьотIула. Устарзабазда жидерго накъищ рекIехъе лъалеб буго ва сундухъго ралагьичIого лъугьинабулебги буго.

**– КигIанаб заман балеб гьадинаб халичаялъ? – абун гьикъана дица.**

– Лъабнусгоялдаса цIикIкIунги базе бегьула, – ян гьимана Мильянат.

Анищлъун щиб бугебин гьикъидал, гьелъ гьимулаго жаваб кьуна:

– Ахир-къадги, росасги дицаги бан бахъана мина, гьанже дун хIалтIизе бегьула диего данде кколеб графикалда, гьабизе бегьула диего бокьухъе.

Мильянатил халичаби ричунги унел руго. Туризмалъул ва художествиял промыслабазул министерствоялъ тIобитIараб, «Устарасул меседил кверал» абураб профессионалияз махщелчагIазул конкурсалда «Халичаби ва гьезул къайи» абураб номинациялда гьелъие бищунго лъикIаб къимат щвана.

– Гьанже халичаби гьари – гьеб кIудияб гIелалъул гIадамазул ишлъун лъугьун буго. ГIолохьабазул гьелдехун цебе гIадинаб бербалагьи гьечIо, – ян абуна гьелъ, – гьединго дир ясазеги къабулллъулеб гьечIо гьаб гIадатияб гуреб пиша, абулеб буго гьеб захIматаб иш бугилан. Яс Светланаца лъугIизабуна Москваялда вуз, гьей ккола психолог, хIалтIулей ва гIумру гьабун тахшагьаралда йиго. Фируза йиго Филя росулъ, гьелъул буго кIиго лъимер ва жиндирго иш. ГIисинал жеги школалда цIалулел руго, амма гьезулъги дида бихьулеб гьечIо халичабазул хIалтIиялде рокьи. Школа лъугIизабулей Джамиляе бокьун буго тохтурлъун яхъине. Дунин абуни пашман гьаюла табасараназул чIухIилъун букIараб халичаби ресси гIадамаз гIодоб толеб букIиналъ.

**Пашманал пикрабаздаса гьей рикIкIалъизайизе бокьун, дица нахъойги гьикъана чан халичайин гьанжелъагIан бессараб абун. Мильянат ургъизе лъугьана:**

– 150-ялдаса цIикIкIун бессана, – ян разиго жаваб гьабуна гьелъ ва ракIалде щвезабуна, чилайдул куналъ бессараб халичаялъ москваялъул церелъеялда цебесеб бакI ккураблъи. Гьединго гьей искусствоялъул усталъ гIахьаллъи гьабун буго Бакуялда, Казаналда рукIарал церелъеяздаги. Специалистаз абулеб буго Мильянат ТIагьировалъул халичабаз музеязда цересел бакIал ккевезе кколин, гьелъул къайи къиматаб ва цогидазулалда релъинчIеб букIунилан. Гьеб кинабго цIуниялъулъ ва рагIизабиялъулъги хIажалъи бихьула!

Мильянат мукIурлъана жинца хIалтIизабулеб техника киназухъаго бажаруларила, жиндие бокьун бугила халичабазда Дагъистаналъул тарих бихьизабизе.

**– Дуца щибин абулеб, гьеб цебегосеб устарлъи цIилъизабиялъе щиб гьабизе кколеб? – абун гьикъидал, гьелъ ургъизеги ургъун жаваб кьуна:**

– Школалъ гьабизе ккола кумек халкъалъул гIадатиял махщелал цIуниялъе. Гьеб рахьалде кIвар кьезе ккола туризмалъул ва халкъиял махщелазул министерствоялъги.

Мильянатица ракIчIун абулеб буго, росабалъ гIумруялъе шартIал гIуцIулел гьечIони, гьединал махщелалги тIагIине ругила, гIолохъабиги гIодоблъиялде гочинчIого чIезе гьечIила.

Унго-унгогиха бигьаяб иш гуро станокалда нахъа кьоялъ гIодорги рукIун, анлъго-анкьго моцIалъги хIалтIун цохIо халича гьаби. Киназго гуро гьеб хIехьолеб. Мильянатица бицана цебе цохIо Табасаран районалда къватIибе биччалеб букIанила 40–50 азарго халича. Жакъайин абуни гьеб анищалъ бугила ва брендлъун букIине бегьулила цохIо тIабигIиял релъеназул халичаби. Лъугьун рукIанила бакIалъулал гIадамал гьединал ишал гьаризе, амма хIасил ккечIила.

**Дица гьелда гьикъана халичабазул устарасул махщел цебе тIолеб бугищин, цере гIадин школазда устарзабиги хIадур гьарулел гьечIеб, ГОСТалги цIунулареб, технологияги хIалтIизабулареб ва даранги гьечIеб заманалдаян.**

– Гьанже, дица станок рокъоб лъедал, гIагаралги божаралги иргаялда чIун рукIуна халича босизе, дагьаб учузго щвезе мурадалда, кваралъ гьабураб гьеб хираго чIолеблъи лъаниги.

Мильянатица абулеб буго халичаби гьарулел устарзабазул центр рагьарабани ва хIалтIи гIуцIарабани Дагъистаналда гьезул даран–базаралъе лъикIаб цебетIейги ккелаанилан! ВатIан бокьизе кIалалъ гурила ахIизе кколел, гьеб бокьулеб хIалалда иш гIуцIизе кколилан. Росаби цIигьариялъе кIудияб кумек халкъалъул ругьунал ишал, махщелал, устарлъи цIигьариялъулъ букIине бугилан. МагIарухъ гIумру гьабулезе, гIицIго цо гьел пишабаздеги руссани, гьезде кIварги кьуни гIезе бугилан абулеб буго устаралъ. Гьеб букIинаанила Дагъистаналъе жиб рагIизеги лъазеги кумекалъе батулеб хаслъилъунги, тIокIлъилъунги. НекIо гьелъулъги букIанила Дагъистаналъул чIухIиги бечелъиги.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



# АРТИСТАЛЪУЛ ХИСИЗАБИЧIЕБ СУРАТ

Санията Рамазанова-КъурбанмухIамадова ккола Дагъистаналъул  халкъияй артист. Эффенди Капиевасул цIаралда бугеб, тумазул театралъул сценаялда 30-го гIанасел соназ гьелъ хIарал ролаз хIайран гьаруна гIадамал. Саниятие гьитIинго бокьулаан кечI ахIизе, кьурдизе, гIадамазда цее яхъине. Актералъулаб ишалдаги гьелъ лъикIаб бажари бихьизабуна.

Дие рокьула дирго персонажал. Бокьула К. Мазаевасул «БацIазул бертин» абураб спектаклялдаса хIикматаб Ассадагур хIамаги; Р. ХIамзатовасул «ГIумруялъул гьакибер» спектаклялдаса ццидалай ва рекIкIай гьерсихъанги; хIана дица Шекспирил «Ромео ва Джульетта» спектаклялда киназдаго чIалгIарай ва йиха-хочарай, Джульеттал рахьдал эбелалъул рольги, йокьула «Бернард Альбал рукъ» спектаклялдаса Магдалинаги; А. Портесал «Кинабго кIалагъоркье чIвараб рукъ» спектаклялдаса ахIмакъай Пуруги. Руго дир репертуаралда лирикиял ва драматикиял ролалги. Мисалалъе, ГIабасил МухIамадил «Камалил Баширалдаса» Залбика; А. Цагарелил «Ханума» пьесаялда, киназего йокьарай Ханума; М. Къурбановасул «Малла Насрудиналдаса» Зазал ва цогидалги. ГIицIго Севервияб Кавказалъул регионазде гуребги, нижер театр щола гIемерал бакIазде ва гIахьаллъула тIолабго Россиялдаго тIоритIулел театразул Халкъазда гьоркьосел фестивалаздаги. Дир хIалтIиялъе тIадегIанаб кьимат кьуна ва щвана гIемерал грамотаби, баркалаби, премиял. ЛъикI хIарал руччабазул ролазухъ дие кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъай артистка» абураб хIурматияб цIар ва хадубги щвана «Дагъистаналъул Халкъияй артистка» абураб цIарги. Дие бокьула дирго хIалтIи , гуребани гьадин гIемер хIалтIунги бажарилароан.

**– ТIоцебесеб бакIалда кинабха дуца кколеб: рукъищ яги хIалтIийищ?**

– Дица сценаялъе гIемераб къуват кьуна, амма, гьединго дир буго хъизан-лъимал, рос-рукъ, эбел-эмен. Дие гIагарлъиги хIалтIиги – театралияб хIаракатчилъи цо медалалъул кIиго рахъ гIадинал жаллъун ккола, ва гьезул щибаб дие хирияб буго. Дида цадахъ ругел гIемерисезе хъизан-рукъ битIичIо. Гьез тIаса бищана искусство. Гьезда гIайиб гьабизе бакI дида лъаларо. Амма дида цебе чIоларо театр гьечIогоги хъизан гьечIогоги. Хъизан гьечIеб гIумруги гIумру гуроха. Лъимал гьаридал дир гIумру гIемерго бечелъана, абула хIатта сценаялда ролалгицин лъикI хIазе лъугьанила дицайилан.

**– ГьабсагIат сунда тIадха мун хIалтIулей йигей?**

– Нижеца лъун буго «Мекъай гIадан квегъи» (Укрощение строптивой) абураб спектакль. Дица цебехун хIан рукIана Шекспирил «Ромео ва Джульетта» спектаклялда рахьдал эбелалъул ва «Гамлеталда» къиралалъул ролал. Дида ракIалде кколаан мекъай гIаданалъул роль дихьа лъикI лъугьинилан. Дие кидаго бокьун букIана гьеб хIазе – дирги гIамал-хасият гьелъулго гIадинаб букIиналъ! БукIаниги щвечIо дие гьеб хIазе. Заман борчIун ун батана... ГIолохъанаб мехалда дунги дойго гIадинай мекъай йикIана. Гьанжейин абуни, дие данде кколеб гIадинаб роль буго Катаринал гуреб, гьелъул эбелалъул роль. Шекспирил дагьал рукIуна руччабазул ролал. Гьанже дица гьеб спектаклялда хIалеб буго къоролалъул роль. Катеринал роль хIала Зульфия Архилаеваль ва Зинаида Чавтараеваль. Бахиллъун балагьула дун, гьел ясал Катериналги Бьянкалги ролазда тIад хIалтIулел ругеб куцалъухъ. Нижер театралда гьунар бугел гIолохъанал актерал дагьал гьечIо ва гьелдаса ниж кутакалда разиял руго!



Бокьилаан хIазе Джульеттал, Офелиял ролал. Пайда щиб, гьел хIалеб ригьалдаса ун йиго дун гьанже, Сара Бернарица Джульеттал роль 50 сон бараб мехалда хIан букIаниги. Абула актерал херлъуларилан, амма щайха дие ригьалда йигей гIаданалъе гIолохъанал мусудузул ролал хIазе, гьелъие мустахIикъал гIолохъанал ясалги театралда рукIаго? КIиго соналъ цебе дица хIана АхIмадхан СултIанил 25 сон барай лъади Фаинал роль. Хадуб, дида рекъолеб гьечIеблъиги бихьун, гьебги тана.

**– Балагьаразда артистал гьез хIалел ролазул героязда релъун рихьула. Ахиралдаги гьел лъугьуна хIакъикъияйги хIалейги ратIа гьаризе, гьезул лъикIаб квешаб рахъ балагьизе. Щиб дуца гьелда абилеб? Кинал ролазда мунго йихьулей?**

– ХIалтIизе байбихьидал дирги кколеб букIана гьедин гIадин. Цо нухалда магIарухъ дица хIалеб букIана Къуркълиса Щазал роль. Ралагьаразда дун ракIалдаги гьединайлъун хутIун йигоан. Цо лъагIалидаса ккана долго росабалъе гастролязде. Гьеб мехалдаги дида гIемераз Щазайилан абулеб букIана. Лаказул театралда хIалтIизе байбихьидалги дида Ассадогурилан абизе байбихьана. Гьеб букIана Мазаевасул маргьуялдаса цIухIамил роль. Дица хIаракат бахъула церехун хIачIел, дирго гIамал-хасияталда релълъарал героязул ролал хIазе. Театралдаги гьелъие нухал дие къаларо.

**– Мун йиго кутакалда жигарай гIадан. Театралда хIай гуребги, кинабаздаги яхъула кечIги ахIула. Гьединго дур буго лъикIаб хьизанги. Дуда заман гьеб киналъего кин батулебали лъазе бокьилаан?**

– Бигьаго букIунаро. Лъимал гIисинаб мехалда киналдего регIизеги регIулароан. Гьединги дица кIвахI къезабуна ва театралда тIадеги, ресторанazде хьвадун ва бертабалъ кечI ахIун, гьабулаан магIишат. ЧанцIулго киноялдаги яхъана.

**– Кинал кинабазда?**

– Бищунго ракIалда чIараб роль ккана «Халкъазул гьудуллъи» сериалалда, гьеб бихьизабуна ТНТялъ. Дие гьанжесел сериалал рокьуларо ва гьезухъ ялагьуларо. Гьел гIедегIун рахъарал киноязулъ мухIканлъи, даража букIунаро.

**– Дур лъималазе щаллъун рахьине бокьун бугеб?**

– Дир васас жеги щибго тIаса бищун гьечIо. ВукIуна цин тохтурилан, цинги юристилан… Ясалъ школа меседил медалалда лъугIизабуна, цIалулей йиго ДГУ-ялъул журналистикиялъул факультеталда. Хьулги буго лъикIай журналист яхъинилан.

**– Дуе хIухьбахьи киб гьабизе бищунго бокьулеб?**

– Бищунго лъикIаб хIухьбахьи букIуна магIарухъ, тIабигIаталде рахьун. БитIараб бицани дир хIалтIиги буго хIалхьи, гьелдаса хадуб хIухьбахьизе кколаро ва рекIел хIалги квешаб букIунаро. Рокьойин абуни дун хIалтIизе ккола: йикIине ккола эбеллъунги, тIубазе ккола рукъалъул ишалги, гьабизе ккола квенги... Цебе кинабго дицаго гьабулеб букIана, гьанже ясальги кумек гьабула. БукIана замана макьу гIезегIан кьижизе щоларебги. Гьаб рокьор чIезариялъул режим лъазабуралдаса гьединаб хIалхьи кIваричIилан ккана. Ниж чIалгIун руго зрителазухъ! Бокьун буго сценаялде рахьине, чIагояб хIалтIи бихьизабизе, гастролазде хьвадизе.

**– Руччабазул берцинлъи цIуниялъул балъголъаби лъалищ дуда?**

– Гьай-гьай, актриса йикIине ккола берцинай, гьайбатай! Гьеб бигьаяб ишги гуро, гIемераб заман хвезабизе ккола нилъго къачIаялда тIад. Амма дида ккола актеразе гьелдаса кIвар бугеблъун ккколин жанисеб рухIияб рахъ, ралагьаразулъ кинаб букIаниги асар лъугьинабизе бажари. БетIергьанас берцинлъи кьун гьечIони, актерлъун вукIине бегьуларин абураб пикруги букIине бегьуларо. Нилъеда гIемерал лъала, берциналин абизе бакI гьечIел, лъикIал актералги. Гьанже гIадамал берциналлъун лъугьинариялъеги гIемерал ресал руго. Чан вугев сипат къачIарав ва гьедин гIолохъанлъиги берцинлъиги цIунарав кочIохъан… Дидайин абуни гьениб лъалеб жо цохIо буго: берцинаб черхги, гIадамазулгун лъикIаб гьоркьоблъиги букIине ккани, кIал чIезе ккола заманалда!

**– ТIаде балагьун мун дудаго ракIчIарай ва талихIай гIаданилан ккола…**

– Дун талихIайлъун йикIуна гIадамазе хIажат йикIин бихьидал. КидагIаги зигардизеги зигардуларо. Дие БетIергьанас кьун буго кинабго чIужугIаданалъул букIине кколеб щинаб. Дагьайги талихIайлъун йикIина хадубккунги театралда хIалтIизе кIванани. Бищун кIудияб анищ буго лъималазул лъимал гIезаризе. Гьеле гьеб, кIодоэбеллъун йикIин буго дида жеги бихьичIеб талихI!

Бокьизе ккола гIумру, бихьизе ккола сверухъ лъикIаб щинаб, гьеле гьеб мехалда рукIуна унго-унгоги талихIаллъун!

**Виолетта РАТЕНКОВА**





ТубхІат ЗУРГЬАЛОВА

# Дун АхІулгохІалде ахІулей йиго...

*Поэмаялъул бутІа*

*Жеги балугълъичІел лъимал – бахІарзал,*
*Ракъи – бигьаяб жо нужер гІелалъе...*
*ГІун рукІинчІоха нуж, хучдуздаги къан,*
*Зодоре рорхарал улбул рихьизе...*

## ЭГЪЕЛДА

*Балахьуниса Мусал*
*Дие хиралъарай яс,*
*Дир мацІалъе гьоцІолъун*
*Лъугьараб цІаралъул яс!*

*АхІулгохІил цо кьурда,*
*Гьейги каранде ячун,*
*ГьитІинай Эгъелдае*
*Ахх бачуней йиго дун...*

*АхІулгохІ тезе ккарал*
*Къоял рачІана тІаде,*
*РухІ бугел, бохдул ругел*
*Дагь-дагьккун ана нахъе.*
*Цо нохъо цІун букІана*
*ЦІакъго жан лъугІаразул,*
*Лъукъун-къотІун, къо бухІун,*
*Къо щвезегІан чІаразул.*

*Гьез ният гьабун буго*
*Гьениб къадар дандчІвазе,*
*Гъазаваталъул ахир*
*Ахиратлъун лъугьине.*
*Инкар гьабулеб буго*
*Гьез кумекалдасаги,*
*Солдатаз сверун ккураб*
*Нохъо теялдасаги.*

*Гьезда гъорлъе ккун вуго*
*Имам чІухІарав мурид –*
*Чабхъеназул багьадур*
*Балахьуниса Муса.*
*Цадахъ тІулилай яцги,*
*ГІагарал руччабиги,*
*Гьасул гьитІинаб жайран –*
*Жиндирго Эгъелдаги.*

*ЦIакъго чара хун буго*
*Мусал хирияб тIанчIил,*
*ЧIарбида егахъего*
*Якъван уней Эгъелдал.*
*Ахирияб къоялъ гьей*
*Яхъун чIезего кIвечIо,*
*Микьго сон гуреб гьечIей*
*Гьелъул*
*анищ хутIичIо...*

*Гьасул ясалъул тIалаб*
*ТIаде босун йикIарай*
*Мусае хирияй яц –*
*ЗахIматго йиго Зугьра.*
*Загьруялъ гIадин буго*
*Кваналеб гьасулги черх,*
*Тушманасул хучдузги*
*Гуллбуцаги басараб...*

*...МаркIачIумех рещтIунеб*
*Буго АхIулгохIалде,*
*Угьи-зигараялда*
*Бугеб гьелъул нохъоде,*
*Хвалиде гурони хьул*
*ХутIичIел муридазде,*
*Ахир гьарулел ругел*
*Ахирал гъазиязде.*

*Гъазаваталда цадахъ*
*Цо-цоккун къанщун унел*
*Гьезухъ валагьун, Мусал*
*МагIу буго гъенолеб.*
*Метерги хвалчен хьвагIун,*
*Хвезе хIукму гьабурав*
*Гьесул рекIел ургъеллъун*
*Эгъелда йиго кколей...*

*Эменги хун хутIани,*
*Гьелъ кин жийго цIунилей?!*
*ЧIаго капуразухъе*
*Яс щвани, щиб гьабилеб?!*
*Шагьидазухъе ине*
*Живго къачIан вугони,*
*Гьасул гьитIинаб жавгьар –*
*Гьей лъида божун телей?!*

*Йилълъине чара гьечIей*
*Ясалде къулана гьев,*
*Нохъодаса къватIие*
*Ехъерхъана, цIцIана гьей.*
*Инсул гьитIинаб намус –*
*ЦIар гьуинай Эгъелда*
*Живго гьелъул дадаца*
*Лъуна кьурул рагIалда.*

*Тушманасухъе яс щвей*
*Цебе чIезабурабго,*
*Къуват щвана Эгъелда*
*Кьурса гъоркье рехизе.*
*Амма, микьго гурони,*
*Сон гьечIей, рухIги гьечIей*
*Гьелъул кверaз къан ккуна*
*Дадал кIиябго хIетIе.*

*КIиабизеги Муса*
*Яс рехизе жувана,*
*Жеги цIакъ рекIун чIарай*
*Яс тIезайизе кIвечIо...*
*Хвезе къачIалев – дада!*
*«ГIумру!» – йилан – Эгъелда! –*
*АхIулгохIда гьеб сурат*
*Цебеса унеб гьечIо...*

*Циндаго тIаса гъоркье,*
*Гъугъдузда гъорлъа гIадин,*
*«Муса! Ва Муса! – йилан*
*РагIулеб буго гьаракь. –*
*Те, гьудул, жийго гьей яс,*
*ГурхIа гьей пуланалда!*
*Дир ракI бежулеб бугин,*
*Барахще гьеб тIинчIалда».*

*Гьаракь тIеренлъаниги,*
*Холев вугев херав чи*
*ГIоротIаса Чулахил*
*МухIамад вукIин лъана.*
*«Аллагьас гьей ясалъе*
*Къадар жеги хъван гьечIин,*
*Гьейги тун,*
*нахъе а!» – йин*
*Нахъойги гьес ахIана.*

*Гьев лъикIав кIудадае*
*Баркала рекIелъ бессун,*
*Инсул ракI хIеккиналде*
*Эгъелдалъ хьул бижана.*

*«Нохъодаго чIелилан,*
*ЧIаго те,*
*дада, дунин!» –*
*ГIумруялъухъ гIащикъай*
*Гьелда дада гурхIана.*

*Балахьуниса Мусал*
*Чучлъараб чармил ракIалъ*
*Эгъелда Аллагьасде*
*Аманат гьаюн тана.*

*Гьеб кьурул рагIалдаго*
*РухI бахъилин гьелъулин,*
*Гьеб бакIалда ясги тун,*
*Сардилъе тIерхьун ана.*

*Ана гьев, хвалчадалъун*
*Шагьидлъи щвезе хьулгун,*
*Гъазават лъугIилалде*
*Алжан щвезе анищгун...*
*Амма...*
*чIаго хутIана.*
*Яс...*
*асирлъуде ккана.*
*Эгъелда цIехолаго*
*ХутIараб гIумру ана.*



Бокьараб заманаялда букIунеб батила къиматабилан рикIкIунеб махщелги махщелчагIиги. Бокьулареб хIалтIуда ругезда абизе бегьила гIумруялъулъ битIккечIелилан. ГIемерисел нижер макъалабиги рукIуна культураялъул, медицинаялъул, лъай кьеялъул хIалтIухъабазул хIакъалъулъ. Гьеб битIарабги буго, щайгурелъул сахлъи цIуниги, гIадамазе тарбия-лъай кьейги – кIудияб кIваралъул иш буго.

# Къисматалъ кьураб сайгъат

Амма гьездалъун пайдаял ишал лъугIуларо, гьел гIемерал руго. Нилъеда лъала чедги лъица букIаниги бежизе кколеблъи, ретIелги лъутIун-къотIун букъизе кколеблъи, азбар-къоно ва къватIал ракIарулелги къваригIунеблъи, ай рихьуларел ва рагIуларел ишазул гIадамалги гIемерал рукIуна...

Чиясул хIакъалъулъ бицине ракIалдаго гьечIогоги ккола. Гьедин ккана жакъа Наида ГIабдуллаевна ХIамзатовалъул хIакъалъулъ макъала хъвайги. Гьей йиго руччабазул «таксиялъул» шофер.

Машина бачине Наидаца байбихьаралдаса ун буго 36 сон, таксиялдейин абуни ячIун йиго араб соналъ. Гьеб къокъабго заманалдаги рекIаразул рахъалдасан баркалабиги, лъикIал къиматалги гIемерал щвана Наидае. Гьанже машина бачунел руччаби къанагIатал чагIи гурониги, таксиялда гьел нилъеда гIемерал дандчIваларо. Гьединан таксиялда ккана нижер лъай-хъвайги...

Наидал эмен ккола Гъуниб районалъул СалтIа росулъа. Жеги I5 сон балалдего, летчиклъун вахъинчIого чIеларин абураб нигатгун гьев ун вуго рокъоса ва цIализе лъугьун вуго Бакуялда бугеб роржине ругьун гьарулеб училищеялде. Хадуб лъугIизабун буго Ленинградалъул авиациялъулаб институтги. Авиаконструкторасул диплом кодобе щвараб къоялъ байбихьун буго финазулгун рагъ ва летчик ГIабдулла ГIабдуразакъовги гьенисанго ун вуго фронталде.

ВатIаналъулаб рагъул заманаялда гьев воржанхъун вуго машгьураб У-2 самолеталда. I942 соналъ, Воронежалда гIагарлъухъ бортизабураб гьесул самолеталда цIа рекIуна ва байбихьула живго вухIизе. Ахирисеб минуталда парашютгун кIанцIун ворчIула... ва тIасанго рухIарал махIаби-бохдулги рехъерхъун партизаназухъе щола. Сах гьаризе бажараниги, махIаби ГIабдулагьил гIумруялъго хутIун руго букIкIбукIкIараб чIегIерлъараб тIомгун. Летчикас нахъа тола финазулабги, ВатIаниябги ва хадубго япониязулгунги рагъал.

– Инсуе бокьулароан рагъ ракIалде щвезабизе, гьелъул хIакъалъулъ бицине, амма рагъухъанлъун гьев кидаго хутIана. Рагъдаса хадув гIемерал соназ хIалтIана къватIисел улкабазда, Ираналда, Сириялда, гIахьаллъи гьабуна гьезул магIишат цебетIеялъе. Цинги вуссана гIагараб улкаялде, Дагъистаналде, хIалтIана нилъерго аэропорталда, воржунаан АН-2 ялда, гьенирго ГIабдулагьица гIолилалги ругьун гьарулаан.

«Щибго иш гьабичIого, пайда гьечIого, гали цебе тIамичIого къо биччаге!» – абураб ахIигун унеб букIана Наидал инсул гIумру ва гьединаб мисал батана гьелъиеги гIумру жигаралда ва чIаголъиялда тIамизе.

Наидца 2I сон бараб мехалъ, гьелъул инсуе, рагъул ветеран хIисабалда, сайгъат гьабула автомобиль «Москвич», ва гьес ясалда абула: «Йоржине духъа бажариларо, ракьалданиги рекIун хьвадеха!» – ян ва гьелъухье кьола машинадул кIулалги. Доб заманаялда машина бачунел руччаби рукIинего рукIинчIин абизе бегьула, тIоцересезул цояйлъун ккола Наидаги. ХIатта автошколалда цIалулаго инструкторазги гьелъие бигьалъи гьабуна. Хадуб кинаб ишалда йигониги машина гьелъие кумекалъе батулаан. Наидаца гьединаб сайгъаталъухъ кидаго баркала кьола инсуе.

ХIалтIудаса хIинкъуларей, жийго жинцаго тIуялейлъун гIезаюрай Наида гьитIинго йикIана кIудияз гIадин хIукмаби къотIулей ва таваккалай гIолилайлъун. Гьей цIалана махIачхъалаялъул №4 школалда, I5 сон бараб мехалда лъугьана техникумалде ва гьебго заманаялда, эбелалъул цIаралда хIалтIана, рукъалда аскIобго букIараб базар бакIарулейлъун. Къаси-къаси ун ракIарулаан гIолилалъ гьанхIан бичулел бакIалги, къад-къад хьвадулаан техникумалдеги. Гьебги лъугIизабун, гьей лъугьана ДГУялъул дармилаб факультеталде. Цадахъго хIалтIана цин Дагъпотребсоюзалъул, хадуй Горпищеторгалъул бухгалтерлъун.

23 соналъ хIалтIун йиго инвалидазул хасаб тукадаги. АнцIгогIан соналъ тIатIалаго йищун йиго МахIачхъалаялъул шагьаралъул Собраниялде депутатлъун, нух-

малъи гъабун буго гьениб дармил ва предпринимательствоялъул ишазул комиссиялъе.

Кий йигониги, щиб иш тIад къаниги мухIканай Наидаца кидаго хIаракат бахъулеб букIана гIадамазе кIвараб кумек гьабизе. Гьединлъидал гьелъухъа бажарула баркала щоледухъ хIалтIун, разияйги йиго жинцаго нахъа тарал ишаздаса.

ГIемерал лъугьа-бахъиналги ккун руго Наидал гIумруялда жанир. Ун йиго росасе, гьавун вуго вас, ятIалъун йиго ригьнадаса... БукIун буго ракIбухIиги, хайирго гьечIеб хIалтIиги, гIемераб захIмат бихьараб бизнесалдаса махIрумлъиги ва цогидалги къварилъаби ва камиял.

Гьанже дицаго диего суал кьолеб буго сунцадайха гьелъие къуват кьуна киналго гьел квал-квалалги къезарун къвакIун чIезеян. Гьелдайин абуни лъалеб буго кинаб къулгIадухъ жинда къуват батулеб букIарабали ва, гьанже, гIемерал сонал ун хадуб, бичIчIун буго кир рукIарал рекIкI ва рекIеда унтиялги.

Гьаб лъугьа-бахъин ккана Астраханалда. Наида уней йикIана цо къотIносан ва ракIалдаго гьечIого ккана тIахьал ричулеб тукада цее. ТIахьал ричулев вукIана бетIер чарлъарав хIалакъав чи. КIвар кьун Наидахъги валагьун гьес гьикъана: «Ясай, мун лъикI гьечIогойищ йигей?». Наидаца жаваб гьабула: «у, дие лъикI гьечIо...», – ян ва дагьалъ хутIула гIодизе. Цинги тIахьал ричулес абуна: «Ма, гьаб тIехь цIале, дудаго гIумру лъикI бичIчIизе ва гьеб хисизабизе», – ян. Гьеб букIана философ – парапсихолог Сергей Лазаревасул «Диагностика кармы» абураб тIехь. Наидаца гьеб гьиралда цIалана ва унго-унгоги хисана гьелъул гIумруялдехун букIараб балагьиги, гьелда бичIчIана божиялде бугеб хIажалъиги, гьелъул мурадги. Гьелде щвезегIан гьей дин лъалей гIадан йикIинчIо ва гIажаибго хехго бижана ТIадегIанасде юссиналде къасд, гьесул кумекалдалъун жиндир рекIел хIал лъикIлъизе букIиналда ракIчIана. РакI жубарай, аваданай, амма дагьай ракIалда ккарал ишал гьарулей цо гьалмагъалъ гьелъие лъикIаблъун бихьизабуна килисалдеги ун христианазул дин къабул гьаби. Гьениб, диналде жание лъугьунелъул Наидае кьуна Анна абураб цIарги. ТIадегIанасде юссун Наидаца гьарулеб букIана жинде тIаде регарал къварилъаби нахъе росеян ва захIмалъаби къезаризе къуват кьеян. Амма гьединаб къуват гьелъухъе бачIунеб букIинчIо. Гьеб мехалда дойго гьалмагъалъ Наидада малъана магIарул росулъ вугеб жарахIасухъе ине. ГIемераб нухги тун щвана гьей дараби гьарулев чиясухъе. Дос гьей нуцIихъа яккарабго абуна: «Дуца дин хисун буго, нахъе а гьаниса! Ислам къабул гьабичIого гьаниеги ячIунге!» – ян.

– Щибха гьабилеб, МахIачхъалаялда мажгиталдеги ун шагьадалъе битIана ва Амина абураб цIарги босана. Хадуйги ана довго жарахIасухъе ва гьес абуна: «Сункьаго хIинкъуге, мун къуватай йиго. Дагьал соназдаса дур кинабго лъикI букIине буго, Аллагьас гьабила дуе кумек!» – илан.

Гьанже Наидаца абулеб буго, цее жий нохъода бакъ балагьулей йикIун йиго, бакъин абуни умумузулго букIараб божиялъулъ батанила ва гьелъ кьолеб бугила сабруги къуватги. Долдаса хадуб гIумруги жиндир лъикIлъанилан бицана Наидаца. 200I сонаъ цо банкалъул хважаинас кумек гьабун буго гьелъие ХIежалде инеги. Гьелда цадахъ вукIун вуго кього чи, гьелги гIемерисел херал, загIипал, ригь арал гIадамал. Наидаца гьезие киназего нухдаги ХIежалдаги гьабула бажарараб кумек. Кьокъаялъул нухмалъулес Наидаца гIадамазе гьабураб кумекалъул ва адабалъул бициндал, банкалъул бетIерас гьелъие баркала кьола ва гIумруялде гали тIамизе кумекги гьабула.

ГIумру цо хIалалда букIунаро. Гьей йиго аваданай, гIумру хирияй, гьурмада гьими камуларей ва хIалтIи бокьулей гIадан. Кинабго хIалтIи гьелъ гьабулеб буго ракI унтун, гьираялда ва берцинго. КигIанго дагьаб хайир кканиги гьелъ кепкал нахъе лъолел руго садакъаялъе кьезе. Кумек гьабулеб буго херал гIадамал хьихьулеб рукъалъе, лъималазул рукъалъе, сакъатазе ва кинабго гьеб рикIкIунеб буго бищунго кIвар бугеб ишлъун: «ХIажатазе кумек гьабиялдалъун, гIагаразе ятиялдалъун ва гьезие къваригIарайлъун йикIиналъ бохизабула ракI. Дица БетIергьанасда гьарула дирго гIагаразеги цогидал гIадамазеги лъикIлъи ва талихI. БатIайиса абуни, дирго ургъалида йикIине дир ракIалъе къабуллъуларо ва гьеб битIарабги букIунаро», – ян абуна Наидаца.

Руччабазул таксиялда хIалтIиги Наидаца рекIелгъеялъе гьабулеб иш буго, жийго рокъой гIодой чIезе кIунгутIиялъ. Васасул гIумру-яшавги лъикIаб буго, щуго лъималги руго, кIодоэбелалъул кумекалде ккараб жоги гьезул щибго гьечIо. Наидал рес буго гIадамазда гьоркьой йикIине ва хIажатазе кумек гьабизе.

***Гьелда «ВатIан» радиоялдаса рагIана «руччабазул» таксиялда хIалтIизе чIужугIадан къваригIун йигилан. Киданиги ракIги бухIун гьечIо гьение лъугьиналдаса, гьелъие бокьула гьаб хIалтIиги! «Щибаб къоялъ лъала цIи-цIиял гIадамал, рукIуна ракIгъурал дандчIваялги» ян абуна таксисталъ. Наидаца гьаб хIалтIиги рикIкIунеб буго жиндие БетIергьанас ва къисматалъ кьураб сайгъатлъун. Гьарула гьелъие нух битIи!***

**Сулгият БУЛГАЕВА**



**Женщина Дагестана**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Министерство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieval98l@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 28.02.2021.
Подписано в печать 24.03.2021.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0309. Тираж (3683)756 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
1 – Тутубава Башанаева, заведующая отделением неврологии для больных с нарушением мозгового кровообращения ЦГБ имени М. В. Гольца



# РагIа-ракьан гьечIел ресалзул художникал

Ростелеком

«Ростелекомалъ» тIаде босун буго, «Горизонты будущего II» абураб, унтарал–сакъатал лъималазул, халкъазда гьоркьосеб фестиваль тIобитIиялъе кумек гьабизе.

Гьединаб искусствоялъул фестиваль тIобитIиялде гьел кантIизаруна машгьурай галерист Джамиля Дагьироваль. ГьитIингоялдаса сакъатал ва загIипал лъималазе гьабулеб гьеб Фестиваль, кIиабилеб нухалда тIобитIулеб буго. Гьай-гьай, гьеб хIалтIи кумек гьечIого тIубазабизе централъеги, гьелъие нухмалъулей Амина Шамсудиновалъеги, артмугIалим Элла ХIасановалъеги захIмалъилаан, гьелъул рахъ кколел рукIинчIелани. Гьале, кIиабилеб соналъ ракIарулел руго «ТIоцебесеб галереялде» киналго творчествоялъулъ жал рихьизаризе ва жидер пикрабиги асарги загьир гьабизе бокьаралщинал. Дагъистаналъул, гьанжесеб искусство ва культура цебетIезабиялъул рахъ кквеялъул жамгIияб гIуцIи «Мирадж» АНОялъул хIаракатчилъиялъул рахъги ккун, «Ростелекомги» лъугьана гьеб байрам тIобитIиялъе квербакъулеб генералияб партнерлъун.

«Дорога фантазий», «Серебряная грива», «Горизонты будущего» – проекты с такими эмоциональными названиями вошли в межрегиональный фестиваль искусств для детей с особенностями ментального и физического развития. Он начался в Дагестане еще в конце 2019 года, перекинул мостик добрых эмоций и творческих находок в 2020 и нашёл продолжение в году нынешнем.

Лъималазул творчествоялъул хIалтIабазул цебелъей, араб соналъул 12 декабралда рагьун буго Каспийскиялда, «Русгидроялъул» гьанжесеб искусствоялъул галереялда жаниб.

ХIакъикъаталда гьеб буго хъизаналъулабго фестиваль, гьенир гIахьаллъула сакъатал, унтарал лъималазул гIагаралги: эбелэмен, кIудада ва кIодоэбел, яц-вацал, киналго гьел лъималазул божи жидедехун бугелщинал.

Республикаялда гуребги фестиваль унеб буго Москваялда, Санкт – Петербургалда, Астраханалда – гьунар бугел лъималазул география соналдаса соналде гIатIилъулеб буго. Гьанжесеб кIиабилеб фестивалалда гIахьаллъун буго 124 лъимер. Пандемиялъ гьеб фестивалалъул хIалтIуеги квал-квал гьабуна, цогидал регионаздаса лъималазе рес ккечIо гьенир гIахьаллъизе. «Мираджалъул» вакилзаби Амина ва Элла жалго ана сайгъаталгун ва дипломалгун лъималазда баркизе.

ОВЗ бугел лъималазул хIалтIаби церелъеялъе бигьаяб хасаб къагIидаги бихьизабун буго, гьезие рес кьола нечечIого ва хIинкъичIого сверухъ бугеб дунял жидеда бихьулеб ва цебе тIамулеб хIалги, гьелдехун жидер бугеб асарги загьир гьабизе. Аслияблъун ккола гьел жидехъа кинабго бажариялда божи! ЛъикI ана фестивалалда махщалилав художник Арсен ХIасановасул суратазул цебелъей.

Дагъистаналъул «Ростелекомалъул» вакил Шамиль МутIалиевас абуна гьел проектазул рахъ ккезе ва кIвараб кумек гьабизе жал хадурккунги хIадурал ругилан. Гьединаб кумекалдалъун нилъеца лъимал церетIеялъе ва гьезул творчествоялъул рахъ рагьиялъе квербакъулеб бугин бицана гьес. Гьеб кколила лъималазул эбел-инсуда тIаса ургъел босиги ва киналъулго хIасилалда нилъеца тIубазабулеб бугила кIвар бугеб социалияб масъала.

Гьедин гIатIид гьарулел руго сакъатал, унтарал лъималазе гIумру гьабиялъе ва творчествоялъулаб церетIеялъе нухал.

**Лейла СУЛТIАНОВА**

## РАСШИРЯЯ ГОРИЗОНТЫ СОТРУДНИЧЕСТВА, МЫ РАСШИРЯЕМ ГОРИЗОНТЫ ВОЗМОЖНОСТЕЙ



Также в рамках фестиваля подведены итоги самого «лошадиного» конкурса – «Серебряная грива». Его участники – 42 ребенка, которые с удовольствием посещают занятия иппотерапии. Конкурс стартовал 1 ноября 2019 г. Четверо стали победителями в номинациях, 2 конкурсанта получили приз учредителя, и троим вручены специальные призы Ростелекома – полезные гаджеты.









По мотивам работ Арсена созданы авторские игрушки, модные принты, одежда, раскраски. А сам юноша мечтает снимать мультфильмы на основе виртуальных технологий и многое другое.



ИНДЕКС 63288
6+



